

SIMBA RAMAITIRE

OMUMWE PANE MUMWE



Mazviita, Hama Neville. Mwari akuropafadzei.

Manheru akanaka, shamwari, zvakanaka kwazvo kuva pano zvakare patabhernakeri husiku huno, kuzotaura zvakare pamusoro paShe noMuponesi wedu, Wandine chokwadi chokuti tose tiri murudo naYe, kana kuti tingadai tisiri muno mumba inopisa, takatsikirirana sezvatiri husiku huno, dai tanga tisingaMudi. Nokuti ndicho chikonzero chedu chokuva pano, kuti tiMuratidze kuti tinoMuda. Uye tariro yedu hu—huru inosimudzirwa kana tikafunga kuti kuuya kwaKe kwava pedo. Patiri kuona zviratidzo zvokuuya kwaKe, tinoshuvira nguva huru iyi yatichaMuona.

² Kubva pandaiva pano Svondo yapfuura, pana vakawanda vakaenda kundosongana naYe. Mumwe wavo ndiMai Ford, Mai Levi Ford. Vakanga vava namakore makumi masere, mudzimai anokosha. Murume wavo akafa nguva yapfuura. Akanga ari mumauto muSpanish-American War. Zvino pandakapa tsananguro yohupenyu hwangu ndakataura zita romwanakomana wavo. Ndiye akanga achizondichengetera sutu iya, munoziva, mushure mokunge aisakadza, su—sutu iyoyo ye—ndinotenda kuti isutu yamasikautsi. Uye iye . . . Pandakaenda kundatora zvakanga zvasara, yakanga yangosara gumbo rimwe chete.

³ Zvichida Lloyd ari pano husiku huno, ndiye mukomana wacho. Uye ini—ndakaviga amai vake imwe nguva. Uye akandikumbira, akati, “Billy, ndinoshuva kuti dai ukataura pamusoro pechimwe chinhu chinosisimbisa kuti mai vangu vachamuka zvakare.” Zvino Ishe vakandipa mharidzo yacho chaiyo, yaifanira chaizvo . . . Apo Bhaibheri, nezvisikwa zvose, zvose zvakasikwa naMwari zvinoratidza kuti, vachamuka zvakare. Ndi—ndiani achapikisana nazvo zvino? Mwari anodaro, anozvisimbisa nezvisikwa Zvake, anozvisimbisa neShoko Rake, anozvisimbisa nohupenyu hwavo, nezvimwe zvose, vanofanira kumuka, munoona. Hapana nzira, hapana chinhu . . . Denga nenyika zvingapfuura, asi izvi hazvikundiki. Vanofanira kumuka zvakare.

⁴ Marimwe zuro, maneja wandaisimboshanda naye, VaBaxter (vazhinji venyu munovarangarira; vakamboparidza papuratifomu ino), mudzimai wavo akafa nechirwere chomwoyo. Zvino zvakavakanganisa kwazvo uye vakasuwa kwazvo; uye ndine tariro—ndinovimba kuti mucharangarira

Hama Baxter muminyengetero yenyu pamunenge muchinamata, nokuti mumwe wehama dzedu. Uye vanogara kuVancouver, British Columbia. Zvino vanga vasingachashandi neni kwamakore akawanda. Zvino ndakanzwa kuti mudzimai wavo akanga achinetseka nechirwere chetsinga chinokanganisa pfungwa kana zvakadaro, uye kamwe kamwe akazorwadziwa nomwoyo ndokubva angofa. Hatizivi nguva yatichadanwa. Zvino kana zvaitika—kuti Atidana, tinofanira kunge takagadzirira. Ndicho chikonzero tiri pano husiku huno.

⁵ Ndanga ndiri mumba mandinoverengera—muhofisi, imomo, ndichitaura naVaMoore. Vandinyengetedza... ndanga ndiri...?... ndanga ndichiedza kusavapo pazuva raMatatenda; ndanga ndichida kuva nomusangano pano weZuva raMatatenda, uye ndozoenda kuShreveport. Nokuti, ini—handazokwanisa kuzviita. Zvino kokupedzisira vazoti, “Zvakanaka, kana muine—kana muine misangano mitatu iko zvino muchizova neZvisimbiso Zvinomwe kumashure, zvino mungava nesu here zuva rimwe chete.” Uye kokupedzisira, tanga tichazova navo Chishanu, Mugovera, neSvondo. Uye zvino, ndazovavimbisa China, Chishanu, Mugovera, neSvondo. Uye inenge iri... Pentekosti inenge yava namakore makumi mashanu muLouisiana zuva—Zuva raMatatenda. Iwo wakaburuka makore makumi mashanu apfuura muLouisiana.

⁶ Zvino, mangwana mangwanani tichakoka munhu wose anenge—asina kwaanoenda neSvondo...ndiri kuona Hama yedu inokosha Don Ruddell vari pano, uye ndinoziva kuti vanoita Svondo mangwanani. Uye zvichida pana vamwe vaparidzi vari pano vanogara munharaunda vane misangano neSvondo. Zvino, tinoda kuti muende kuSvondo kwenyu kana munako. Asi kana musina Svondo, uye muchida kunge munesu, ndinoda kutaura mangwanani, uye ndichaisa pabhodhi, ndichadzidzisa pamusoro pe*Chimiro choMunhu Akakwana*, zvakare ndichanyora—ndichanyora pabhodhi, uye ndoratidza zvinodiwa naMwari uye kuti tinosvika sei pachimiro chomunhu chakakwana—akakwana pamberi paMwari.

⁷ Uyezve mangwana manheru, Ishe achitendera, ndinoda kutaura pamusoro penyaya yokuti *Mutungamiriri Wangu*. Saka kana varipo vamwe vanobva kunze kweguta...Zvino tinoda kuedza kuti titange misangano iyi nokukurumidza kana... handisati ndataura nomufudzi, asi ndiri kuda kuti titange Svondo nokukurumidza mangwanani. Uye tichapinda chechi mangwana husiku, zvichida, kana zvichikwanisika, titange na6:30 kana nguva yakada kudaro. Zvino izvi zvinopa vanhu mukana wokuti kana vachida kugara...Tinogona kubuda na8:30, uye vamwe vavo...

⁸ Ndasangana nomudzimai nhasi, anofamba kuuya kuno maawa matatu kana mana nemotokari, anenge...Ati, kana tikabuda na8:00 kana 8:30, anozosvika kumba na2:30 kana

na3:00 mangwanani anotevera, murume wake anoenda kubasa...Nokudaro isu hapana chatinenge tichiita tinenge takangogara, nokudaro—nokudaro ngatikurumidzei kuuya kuchechi. Zvino hatina...Munoziva, hatifaniri kuita chisungo pane izvi; Mwari haana chimiro, munoziva, Bhaibheri...?... Nokudaro, ndinotenda kuti mose muchava pano, uye—navose vanokwanisa.

⁹ Zvino, kana mune misangano yenyu, rangarirai, ino itabhernakeri isina miganhu yedhinominesheni apo vanhu...?...vanouya. Uye vanhu vedu vazhinji vanobva kunze kweguta.

¹⁰ Zvino, kana paine muenzi pano, ndinoda kukuratidza chimwe chinhu. Uye ndichangosvika papuratifomu zvakare handisi kuona—handisi kuona vanhu gumi vandinoziva. Vangani vanhu vanobva kunze kweguta reJeffersonville, simudzai maoko enyu. Maona, zvikamu makumi mapfumbamwe nezvipfumbamwe kubva muzana. Maona, maona? Dzinongova shamwari. Vangani vari pano vanobva kunzvimbo dzinosvika mamaira zana kubva pano, simudzai maoko enyu. Pane zvikamu makumi mashanu kubva muzana, vanobva mamaira zana kubva pano. Vangani pano vanobva mamaira anopfura mazana maviri kubva pano, simudzai maoko enyu. Mamaira mazana matatu kubva pano, simudzai maoko. Tarisai! Mamaira mazana mana kubva pano, simudzai maoko enyu. Tarisai! Mamaira mazana mashanu kubva pano, simudzai maoko enyu. Tarisai muone, chikamu chinopfura chimwe muzvitatu cheungano vanobva mamaira anopfura mazana mashanu kubva pano! Maona, dzinongova shamwari dzinougana pamwe kubva kose kose...?...tichazova pano. Nokudaro tinokufarirai, zvakare tiri pano kukubatsirai. Tiri pano kukuitirai zvose zvatinokwanisa.

¹¹ Uye iko zvino, ndanga ndichiverenga ndiri kumashure uko—tsamba yandapiwa nomwanakomana wangu yomumwe mudzimai anga achiti—kuuya kwaaita nhasi ndokwechimakumi matatu neshanu achitarisira kunamatirwa. Nzenzo makumi matatu neshanu idzi akanga achidhiravha mazana amamaira, nzenzo makumi matatu neshanu.

¹² Uyevo rangarirai, pana mazana matanhatu navamwe vakamirira...?...vakamirira munyika dzose vari kuedza kuti vazokwanisa kutaura neni. Muri kuona...?...zvakaoma. Kana tichiona vari pano, havana kunyanya kuwanda. Tinokwanisa kuzwa kuti...Maona, ipasi pose. Zvino nokudaro tiri...?...

¹³ Handizivi kuti mudzimai uyu ari muno muimba ino here husiku huno (rwendo rwemakumi matatu neshanu), akanyora tsamba achiti anenge ari pano mangwana? Akauya pano nguva dzinosvika makumi matatu neshanu asinganamatirwi.

Ndinofunga kuti haamo muimba ino, zvichida haana kuuya. Asi ndanga ndichiverenga tsamba yake kumashure uko.

Zvino, ndakaedza nguva dzose pandinouya kuno... Pandinenge ndiri...?. . .kuwana chinhu chimwe chokutaura pamusoro pachu kwete kungotauravo, kana kungoita zvokufadza vanhu. . .ndinoedza kutaura pamusoro pezvinhu zvinofadza Mwari uye zvichibatsira vanhu (maona?), kuti zvibatsire, kuti tose, zvisinei kuti tiri vechechi ipi, kana kuti vedhinominesheni ripi, kuti zvikubatsire kufamba pedyo naMwari. Zvino ndicho chikonzero chedu chokuva pano: kuti tifambe pedyo naMwari.

¹⁴ Uyezve tinoona kuti nguva yapera sezvayaita, uye kuuya kwaShe kwaswedera. . . ndaudza mudzimai wangu nhasi kuti, “Kana ndikasava norumutsiriro pane imwe nzvimbo, ndi—ndichaparara; ndi—handikwanisi kuzvitakura. Ndi. . . Pane chimwe chinhu mandiri chiri kupisa.”

¹⁵ O-o! Tichangobva mumisangano inotevedzana uko kwanga kuchiyuwa zvuru zvavanhu. Zvino hazvina mhosva kuti mamiriyoni maviri kana matatu avanhu vanenge vauya, kana pasina rumutsiriro, ndizvo zvataidaidza kuKentucky kuti, kungounganavo. Munoziva, tose tine misangano yokungounganavo tingadaro. Zvino tinoda rumutsiriro apo Mweya waMwari unofamba pavanhu, navanhu vachiponeswa, uye zvinhu zvikuru zvichiitirwa muHumambo hwaMwari.

¹⁶ Zvino, mumunamato, kazhinji, isu. . . Munokwanisa kuona kuti sei tisingakwanisi kuva nomutsetse wokunamatira pano. Maona, pakanyanya kuzara, hazvikwanisi kuitwa. Maona? Asi kazhinji mumutsetse wokunamatirwa vanhu vanenge vari—vanouya voona kuti—kuti Mwari ndowezvokwadi. Zvino tinoona kuti Ishe Jesu haana kumboshanduka kana napaduku pose. ZvaAkanga ari, ndizvo zvaAri nhasi, uye acharamba akadaro. Zvakare Bhaibheri rakataura kuna vaHebheru 13:8, kuti haAshanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Zvino muungano dzavanhu vaiungana kuzoMunzwa mumazuva iwawo, zvichida vakanga vasingapindi mumutsetse wokunamatirwa; asi vakanga vaino kutenda. Zvino Ishe wedu aizotendeuka, kana kutenda kwavo kwaMubata, aizotendeuka, oudza vanhu kuti pane zvinhu zvakaipa zvavakanga vaita, zvakare kuti vaende vandopora, kana kuti vaende vandoita chimwe chinhu, vaindogadzirisa chimwe chinhu, kana chimwe chakadaro.

¹⁷ Tinoziva zvomukadzi wapatsime, nomukadzi aibuda ropa, uye, o-o navamwe vakawanda, naBhartimeo bofu, kuti kutenda kwavo kwakaMubata. Zvino husiku huno Achiri Muprista Mukuru wokupupura kwedu uye achiri mukuru sezvaAkanga ari. Zvino, tinofanira kuva varanda Vake. Iye Muzambiringa, u—unopa Hupenyu. Tiri matavi anogamuchira Hupenyu ihwohwo. Zvino matavi ndiwo anobereka zvibereko, kwete muzambiringa.

Zvino, Kristu anoshanda kubudikidza neChechi Yake. Uye, kana tikazvipira nenzira yokuti Mweya Mutsvene unosvika pakutitonga zvakaperera mukutenda kwedu muna Kristu, Anozoita zvinhu zvimwe chete, nokuti ndiKristu.

¹⁸ Zvino kana uri muenzi anesu pano...Zvino, kazhinji vanhu vapano...?...patabhernakeri...Mufudzi wedu pano anonamatira vanorwara husiku hwoga hwoga. Uye namatirwai neHama yedu inodikanwa mufudzi, Hama Neville, munhu anonzwikwa naMwari uye minamoto yake ichipindurwa, Hama Orman Neville. Ne—neHama Don Ruddell, nedzimwe hama idzi dzinonamatira vanorwara...NeHama Jackson, ndinofunga kuti vari muno pane imwe nzvimbo vanobva kune imwe chechi yatinodyidzana nayo iri zasi kuHoward Park.

¹⁹ Zvino panguva ino pa—pakanyanya kuzara vanhu kudai, kana mukangotenda Mwari...?...hazvinei kuti chii chaunoda...Kana uri muenzi ini ndisingakuzivi, ingokumbira Mwari uone kuti haAsi mumwe chete here zero, nanhasi, nokusingaperi. Maona kana Asingakwanisi kutaure zvazviri...?...Anokuziva; Anoziva chakakanganisika pauri; chinhu chaunofanira kuita...?...kuMutenda. Uyevo, Anozokushandisa somudziyo uye ini somumwe. Jesu akati, muna Johane 14:7, “Uyo anotenda maNDIRI, mabasa aNdinoita naiye achaaaitavo.” Zvino, uyu mudziyo unenge wakazvipira.

²⁰ Zvino, mangwana tichadzidzisa kuti unova mudziyo uyu sei, uyo Mwari, Mweya Mutsvene...?...anoshanda kubudikidza newe. Zvino nokudaro...Maona, Aiva...?...Mwari aiva mushongwe yomwoto, zvino Akazova—akazogara muMwanakomana Wake, Kristu Jesu; iko zvino ava muChechi Yake. Imwe nguva Aimbongi Baba, ndokuzonzi Mwanakomana, iko zvino ava Mweya Mutsvene. NdiMwari ari kuzviratidza paChake kunyika. Nzira chete yokuti Apinde muChechi kwaiva kutanga afira Chechi kuti aChenese, kuti Agozozviratidza paChake kubudikidza nomuChechi Yake. Zvino Akati muna Johane 15, “Ndiri Muzambiringa, imi muri matavi,” (maona?), zvino davi ndiro rinobereka zvibereko. Mwari akuropafadzei.

²¹ Iko zvino, tisati...Chidzidzo chohusiku huno...Zvino handidi kukugarisai nguva refu, nokuti ndiri kuona vanhu vakamira, uye vamwe vachisimuka panzvimbo dzavo, kuti vamwe vagarevo, vachidaro. Tiri kuedza chose—kuwana mvumo yokuti tikwanise kuwana nzvimbo inogara mazana matatu kana mana avanhu, asi veguta vanenge vari kutinonokera, nokuti hatina nzvimbo yakakwana yokumisa motokari. Takawana mvumo kubva kuIndianapolis, zvino veguta...Tinofanira kuva nopokumisa motokari. O-o, kana tikaisa vanhu vana muno, tinofanira kuvavo nenzvimbo yokumisa motokari panze. Zvino nzvimbo ino yokumisa motokari ndeyavaridzi veguta, nokudaro, maona, ivo...Isu— chechi yedu pano inongova futu rimwe kubva pamuganhu weguta. Zvino—zvazviri,

mugwagwa mukuru, chikonzero wakaiswa ipapo...Nokuti, vamwe vanhu, vechidiki vari pano, hamaigona kunzwisisa izvi, asi pano paimbova nedziva. Zvino ndinorangarira pandakanga ndichiri mukomana, taiuya kuno, uye taiuya tichitenderera nomugura tichinyenyeredza dziva. Vakagadzira mugwagwa vachinyenyeredza—vachinyenyeredza dziva.

²² Zvino, ndakatenga nzvimbo ino iyi. Ndichinamata pano, Ishe wakandiudza kuti ndiitenge makore makumi matatu apfuura kana kuti makore makumi matatu namaviri apfuura, ndizvo, ndinofunga kudaro. Pano apa pakanga pane madhaka nohuswa hwakanga hwakareba kundidarika...Zvino pano ndakapatenga nezana namakumi matanhatu amadhora, pakona ino—pakona ino iyi, ndokubva tavaka chechi.

²³ Zvino, Mwari vakuropafadzei. Ndinoda ku(kana uchikwanisa kunzi musoro wenyaya, kune zvimwe...), ndinoverenga zvimwe zvandanyora; ndinoda kutaura kuungano ino husiku huno pamusoro pomusoro wenyaya we*Simba raMaitire Omumwe Pane Mumwe*. Zvino tisati tataura kana kuverenga Shoko, ngatikotamisei misoro yedu titaure noMunyorori weShoko.

²⁴ Zvino, takakotamisa misoro yedu nemwoyo yedu...?...zvakare tiri mukuremekedza Kwake kutsvene, handizivi kuti pangava navamwe here...?...husiku huno vangava nechikumbiro icho chiri—chiri kupisa mumwoyo yavo, ngavasimudze maoko...?...simudza ruoko rwako kuna Mwari uti mumunamato wako, “Ishe Jesu, ndine chikumbiro. Taurai neni husiku huno. Ndipodzei. Ndipei zvishuvo zvangu zvemari,” kana chingava chii. Anopa zvole zvatina. Mwari akuropafadzei. Zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana zveungano.

²⁵ Baba vedu vari kumusoro kuDenga, tiri kuswederwa kwaMuri. Zvino patava kubva mutabhernakeri ino duku yevhu yatinogara mairi, chikepe chino chiduku chiri kufamba muhupenyu, nokutenda tiri kuuya tichidarika Mars, Jupiter, Venus, nomwedzi, nenyeredzi, negwara renzou, uye tichisvika zvino nokutenda pachigaro chaBaba. Tinoona agerepo, maoko Ake akabayiwa namakumbo Ake; dai ropa iri ratireverera apo tava kuisa zvipo paartari yendarama pachigaro Chake.

²⁶ Kutanga tinoKutendai nokuda kwaJesu, Akaita kuti zvinhu zvole zvikwanisike kubudikidza nokutenda kwedu zvatichakumbira. Maona maoko, Mukaziva kuti chii changa chiri mumwoyo yavanhu. Zvino ndinoisa kutenda kwangu Ishe pachipiriso paartari huru yendarama yaMwari pari kupiswa zvinonhuwira mazuva ose. Ndinonamata kuti Munzwe nokupindura minamato yavo, Baba. Vapei zvido zvomwoyo yavo.

27 Iko zvino, pataungana, Ishe, husiku huno nokuda kwemisangano iyi mitatu, tiri muno mumba munopisa husiku huno kwete nokuda kwechimwe chikonzero asi kuti tifambe pedyo Nemi. Tichiziva zvokuita...?..Ishe, zvokuita... Sezvakataurwa nomuprofita, “Avo vanomirira pana Jehovha, vachawana simba idzva. Vachabhururuka namapapiro sechapungu. Vachamhanya vasinganeti; vachafamba vasingaziye.” Ishe, tidzidzisei kumirira mushure mokunge takumbira uye...?..tova nokutenda kokuziva kuti Manzwa, uye munguva Yenyu yakanaka Munozotumira mhinduro yedu ichidzika namanera endarama kubva kuDenga ichipinda mumwoyo yedu. Uye tichagamuchira zvatininge takumbira, nokuti tinozvitenenda.

28 Dzingisai nzeve dzedu husiku huno kuti tinzwe uye kuti mwoyo igamuchire; uye dai panopera musangano, tikataura saavo vaibva kuEmausi kuti, “Ko mwoyo yedu haina kutsva mukati medu here paanga Achitaura nesu munzira.” Nokuti tinozvikumbira muZita Rake. Amen.

29 Ndinoda kuverenga husiku huno chikamu cheGwaro rinowanikwa muBhuku raIsaya. Mangwana, iva nechokwadi kuti une pepa, ndinoda kuti mu...ndichava nepepa pano kana bhodhi rokuti ndinyore chidzidzo ichi. Ndinoda kuti muzvitore kana muchikwanisa, nokuti munokwanisa kuzozvidzidza kana masvika kumba.

30 Isaya chitsauko 6, ndinoda kuverenga ndima shoma kubva muchitsauko ichi kuti nditore musoro wenyaya—husiku huno.

Pagore rokufa kwamambo Uziya ndakaona Ishe agere pachigaro chovushe, chirefu chakakwirira, mupendero inguvo dzake ichizadza tembere.

Kumusoro kwake kwakanga kumire serafimi: imwe neimwe yakanga ina mapapiro matanhatu; namaviri yakafukidza chiso chayo, namaviri yakafukidza makumbo ayo, namaviri yakanga ichibhururuka nawo.

Imwe yakadanidzira kune imwe, ichiti, Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye JEHOVHA Mwari wehondo: nyika yose izere nokubwinya kwake.

Nheyo dzezvikumbaridzo dzikazununguka nenzwi rowakanga achidana, imba ikazadzwa novutsi.

Ipapo ndikati, Ndine nhamo! nokuti ndoparara; nokuti ndiri munhu wemiromo ine tsvina, ndigere pakati pavanhu vemiromo ine tsvina: nokuti meso angu akavona Mambo, JEHOVHA wehondo.

Ipapo imwe serafimi yakabhururukira kwandiri, yakabata zimbe rinopfuta muruvoko rwayo, rayakanga yatora nembato paartari:

Ikagumura muromo wangu naro, ikati, Tarira, zimbe iri ragumura miromo yako; zvakaipa zvako zvabviswa, zvivi zvako zvadzikinurwa.

Ipapo ndakanzwa inzwi raShe, richiti, Ndingatuma aniko, ndiani ungandiendira? Ipapo ndikati, Ndiri pano ini; nditumei.

³¹ Iri ibasa—ibasa guru patinenge tichifunga kuti—kuti tichaonei patichadzidza chiratidzo ichi chaIsaya. Izvi... ndinogara ndichifarira Isaya. Akanga ari mumwe wavaprofita vakuru. Isaya akanyora Bhaibheri rose. Muna Mabhuku makumi matanhatu namatanhatu muBhaibheri, uye Isaya akanyora zvitsauko makumi matanhatu nezvitanhatu. Akatanga nokutanga kwezvisikwa; pakati peBhuku anounza Testamende Itsva naJohane muBhabhatidzi; uye pachitsauko 56 ne60 anoguma neMireniyamu: kubva kuna Genesisi kusvika kuTestamende Itsva nokuna Zvakazarurwa. Isaya uyu aiva munhu mukuru. Pokupedzisira akazourawa nehurumende.

³² Munhu wose akanga akazara nomweya muBhaibheri akatambudzwa kana kuurawa nehurumende. Ani nani zvake waungafunga pamusoro pake: Mosesi, vana vechiHebheru, naDhanieri, naIsaya. Isaya akagurwa nesaha. Uye vose, Johane muBhabhatidzi, vaapostora vose, naJesu paChake, vose vakafa pasi pomutongo wapamusoro wehurumende kana kuti kurangwa nehurumende. Zvino maererano namafambiro ari kuita zvinhu, pane zvapupu zvakawanda zvichawedzerwa kune zvavo rimwe ramazuva ano. Maona? Zvino kana pakambova nenguva yatinofanira kubatana pamwe chete, ndiyo ino yatiri.

³³ Ndinotenda kuti makanzwa zvomusangano uri kuitwa kuRoma, uye tiri kuva—vari kuva nenguva inoshamisa zvikuru. Zvino vachatanga rumutsiro. Runenge ruri rumutsiro rwapasi pose, chokwadi.

³⁴ Ngatidzokerei kunyaya yedu (izvi tichazviona muZvisimbiso Zvinomwe)—kunyaya yedu yokuva pasi pesimba.

Mambo Uziya akanga ari mukomana mufudzi. Akarerwa... Zvino aifarira kugara mumasango. Akatonga panguva yokuprofita kwaIsaya. Isaya akanga adzidza kubva—kubva pano mumwe wavaprofita vakuru. Zvino ndinotenda kuti akanga ari Zakaria, uyo Isaya akanzwisisa kubudikidza naye, akanga ari muprofita pakauya Isaya. Zvino Isaya akadanwa, uye akanga ari—ari muprofita. Vaprofita havagadzirwi navanhu; vaprofita vanoberekwa vari vaprofita.

³⁵ Zvino, pane chipo chokuprofita chinouya muchechi, choita kuti vanhu vaprofite. Nhengo zhinji dzoMutumbi waKristu dzinokwanisa kuzviita, izvi zvinoitwa pasi pokufemera. Asi muprofita anoiswa muChechi naMwari, akatemerwa kuchipo cho—chokuprofita—kana kuchipo chokuva muprofita, kwete kupa chiprofitavo zvacho.

³⁶ Zvino, zvino, tinoona kuti murume wechiduku uyu akatanga kutonga. Kana uchida kunyora Magwaro awa pasi, zviri muna vaMakoronike II chitsauko 26. Munokwanisa kuverenga pazvinotaurwa kunzi Mambo Uziya mushure mokunge baba vake vafa A-m-a-z-i-a, Amazia—mushure mokunge afa, aiva munhu akarurama akanga abva pana Ishe, zvino akaurawa navanhu vake—Uzikiya akatora—kana kuti Uziya, ndingadaro, akatora nzvimbo yake samambo. Zvino akaiswa pachigaro akazodzwa ana makore gumi namatanhatu, aiva achiri mukomana, asi ari mugwara rokuzova mambo, kunyangwe akanga achiri mukomana zvake. Uye aiita zvakanaka. Bhaibheri rinotiudza kuti akanga ana baba namai vakanga vano humwari, zvino hapana chimwe chinhu chaikwanisa kuita kunze kokuva mukomana ano humwari, nokuti ndizvo zvakanga zvakaiswa pamberi pake guva dzose.

³⁷ Munoziva zvandinofunga here? Munhu wose ane maonero ake. Asi mumwe wavanhu vakuru, samaonero angu, mukuru wenyika watakambove naye munyika ino aiva Abraham Lincoln. Zvino, kwete nokuti akanga ari muRepublican, asi nokuti akanga ari zvaaiva, munhu aiva nohumwari. Zvino akarerwa, kuti iye—kuti ashumire Mwari. Zvino akati, “Kana pane chimwe chinhu chandinoda kutenda,” akati, “kana kuti chakabata hupenyu hwangu, vaiva mai vano humwari vakandidzidzisa kunamata nokuziva Jesu soMuponesi wangu.”

³⁸ O-o! Zviri mhuri yako ndizvo zvauro. Ukarera mwana mune humwe hupo; pane tariro makumi mapfumbamwe kubva muzana yokuti anova munhu akanaka panokunge wamurera nenzira isiri iyo. “Rovedza mwana nzira yaanofanira kufamba nayo, uye kunyangwe akwegura haangatsauki pairi.” Rerwa zvakanaka, dzidzisi vana venyu kuita zvakanaka: kuti vatendeke, vave vana vakatendeke kunyangwe vari kuchikoro.

³⁹ Zvino, nguva dzakawanda vana vanowanazotevedzera zvinenge zvichinyorwa nomumwe, kuti—kuti vaedze kubudirira muchikoro. Asi munoziva, ndinofunga kuti kana ukazviitira pachako, zvino chinova chinhu chokuti—chokuti unokwanisa kufarira kugona kwaunenge waita pavhunzo dzako.

⁴⁰ Munoziva, kana muchindonyora vhunzo zuva rinotevera, pano kuti umhanye-mhanye husiku hwose, womuka mangwanani anotevera, wofunga, “Zvino, ndichandogara pedyo na*Nhingi*; anogona; Uyevo ndicha—ndichakopa kwaari,” dai uchiti Baba vasati vanamatira kudya kwamangwanani patafura, wobva wavati, “Baba, ndirangarirei nhasi, ndichandonyora vhunzo yechemistry,” kana chingava chii zvacho. Zvino imi, kana monamata, Baba, taurai kuti, “Mwari, ropafadzai John, naMary pavhunzo dzavo nhasi.” Ndinokuudzai, zvinozoshandura zvinhu.

⁴¹ Rangarirai, tinokwanisa kuwana zvatinokumbira kana tikakumbira nokutenda. Jesu akati, “Zvinhu zvose zvinokwanisika kuna avo vanotenda. Hamuna chinhu nokuti hamukumbiri, uye hamukumbiri nokuti hamutendi.” Akati, “Kumbirai zvakawanda kuti mufaro wenyu uzadzwe.” Ndinofarira izvi.

⁴² Dzidziso yedu yakanaka: Taura zvinhu zvakanaka; ita zvinhu zvakanaka; funga zvinhu zvakanaka; nguva dzose funga zvinhu zvakanaka. Zvino ndine chitaurwa chiduku:

Ita zvakanaka, ndiro basa rako kuna Mwari. Funga zvakanaka, ndiro basa rako kwauri; zvino unototi ubude zvakanaka.

⁴³ Haukwanisi kuenda kumabvazuva nokumavirira panguva imwe chete, kana kuita zvakanaka nezvakaipa panguva imwe chete. Hazvinei kuti unofunga kuti uri kuenda kwauri kuda, kana uchifamba wakananga kumadokero...Hausi kuenda kumabvazuva paunenge uri kuenda kumadokero.

⁴⁴ Nokudaro mambo muduku uyu akanga akwezva nababa vake achiri muduku vakanga vadzidzisa Israeri zvinhu zvaMwari...Zvino ipapo kamwe kamwe vakazoshanduka mazuva avo okupedzisira vakatanga kudzidzisa zvaipesana naMwari. Zvino vanhu vavo...Vakaurawa navanhu vavo. Zvairatidzika sechidzidzo chikuru kuna Uziya pamusoro peizvi. Asi tinoona kuti Uziya paakatanga kutonga, akatanga sokutanga kwakaita baba vake, kuunza zvakare zvinhu zvaMwari, kuunza Israeri zvakare pakunamata Mwari. Akazvisimbisa.

⁴⁵ Zvino ndinotenda nguva dzose nokuda kwohupenyu hwake achiri muduku, nokuti haana kumboita zvatongerwe enyika. Kunyangwe dai zvatongerwe enyika zvaipesana naye, asi zvakadaro, akaramba ari mubasa raMwari. Zvino zvakafadza muprofitu uyu, muduku, kusvikira akava mhare. Akanga ari muenzaniso kumuprofitu Isaya.

⁴⁶ Zvino Isaya akandogara naye kumuzinda, kumuzinda wamambo. Akamudana ikoko; aifarira Isaya. Isaya akanga achiri muduku zvakare, uye—uye iye. . . Vakanga vari shamwari. Zvino mambo uyu...Paabuda kunze, uye vamwe—vamwe vanhu vezvatongerwe vaiuya kwaari vachiti, “Tinoda kuita *izvi neizvo*,” Mambo Uziya aitanga atsvaka Mwari. “Ishe, kuda kwenyu here kuti tiite *izvi neizvo*?” Mwari ngaatipe mukuru wenyika akadaro, kwete izvozvo chete, asi kutipavo vaparidzi vakadaro. “Asi tangai kutsvaka vushe hwaMwari nokururama Kwake, izvozvi zvose zvichawedzerwa kwamuri.”

⁴⁷ Izvi zvinofanira kuva zvakava nesimba guru, nokuti Isaya akamuda, nokuti akaona kuti akanga ari mhare, uye—uye akaramba akamira zvakasimba muna Mwari. Zvino munoziva, nguva dzose mazuva atiri kurarama, muzvinhu zvatinoita,

rangarirai, vanhu havatariri mufudzi chete, maratidzikire ake—mararamire ake, ano—ivo vanotariravo vanhu vomuungano.

⁴⁸ O-o, zvakanyanya kuipa kana tava kufunga pamusoro pechechi. Dzimwe nguva kana mufudzi ari *werimwe* sangano kana rimwe boka, uye sangano iri romutumira kune *imwe* chechi, uye kazhinji maoko omufudzi uyu anenge akasungwa nesangano rake. Zvino munhu wechidiki uyu anenge achida kushandira Ishe, uye anofunga kuti—akadzidziswa kuti nzira yoga yaanokwanisa kuzviita nayo, kushandira sangano rake. Zvino akasimuka akaparidza zvinotaurwa neShoko, chechi inomudzanga; uye zvino anobva atya kuti anozoshaya mukana wokuparidza Evhangeri.

⁴⁹ Asi o-o, zvatinoda pamapurupiti nhasi varume vakaita saUziya. Hazvina mhosva kuti zvamatongerwe echechi yake kana zvamatongerwe nezvimwe zvole, akaramba akabatira kuna Mwari. Aimirira kusvikira awana ZVANZI NAJEHOVHA, zvino ozoita.

Muduku. . . Muprofita muduku uyu (ari munhu muduku wezera rake) vaienda mutembere vole, vaipfugama vonamata vole, handikahadziki, kuti vaikumbira kuda kwaShe, uye vozviera nemirairo yeBhaibheri. Zvino kana zvakana, Uziya aizvibvumira; kana zvisiri izvo, aizviti ndezvamatongerwe pamusoro pazvo. Mwari ngaatipe vanhu vakawanda vakadaro! Zvino izvi zvakafadza kwazvo Isaya nokuti akanga aberekwa ari muprofita.

⁵⁰ Zvino Uziya akazova—gamba kuna Isaya. Munoono akanga ari. . . Nokuda koku—nokuda kokumira kwake naMwari, akava gamba mumaziso avakarurama. Zvino kungadai kwakanga kusina vanhu vazhinji vakarurama. Maona? Asi chinhu chatiri kuda kuita, kuti hupenyu hwedu hureve chimwe kana Mwari. Mumwe munhu ari kukutarirai.

⁵¹ Ndakanga ndichitevera mumwe munhu rimwe zuva. Mune imwe nharaunda vakanga vane. . . Chechi huru yedhinominesheni yakanga ine mutambo mukuru werock 'n' roll zasi uku, uye waitamba dhanzi kusvika na1:00 dzamangwanani. Zvino vakambenge vasvora munhu anouya patabharnakeri ino, vakati vatvene vasingazvibati ndivo vaiuya pano, nokuti hatisi dhinominesheni. Zvino o-o, izvozvo zvakandipa mukana. Munokwanisa kufungidzira kuti chii chakazoitika. Asi chinhu chiripo ndechokuti. . . Zvino, vanhu ava. . . Pasina kupokana, mudzimai muduku uyu akataura kudaro, dai aiziva Chokwadi chete. . .

⁵² Ndakanga ndiri mumakomo masvondo mashoma apfuura. Uye pandakanga ndava kudzokera kuumba, takaenda (ini nemhuri yangu) kundozorora zvisvoma, tiri kudzokera zvakare, Ishe achitendera, svondo rinouya. Zvino ikoko, humwe husiku, ndakaona chiratidzo. Uye akanga ari—akanga ari mukadzi,

akanaka, ndakaona mukadzi wechidiki uye achimhanya; akanga akaisa ruoko rwake pano, uye akanga ava kufa nechirwere chomwoyo, mudzimai akanaka kwazvo. Zvino akapuzika pasi ndokufa. Zvino Ngirozi yaShe yakati, “Zvino, paunonzwa pamusoro pazvo, ziva, vachati akazviuraya, asi afa nechirwere chomwoyo. Zvino dzava kuda kutosvika 4:00, nokudaro ingotaura kuti 4:00,” zvino Akabva aenda.

⁵³ Uye handina kumutsa mhuri yangu pamusasa wevafudzi (kana kuti panogara vafudzi vemombe, kwataiunganidzira mombe), ini—ndakavarega vakarara kusvika mangwanani. Uye zvino, zuva raitevera ndakavaudza, zvino ndakati, “Mumwe mukadzi wechidiki, akanaka kwazvo, achafa—nechirwere chomwoyo.” Uye ndiri munzira kwapera mazuva maviri, ndakazvinzwa muredhiyo kuti Mukadzi uyu (handicharangariri zita rake) Monroe, Mai Monroe. Ndinofunga kuti ndiro rakanga riri zita raaisevzenesa mumitambo, kana rimwe ripivo zvaro; zita rake chairo raiva rimwevo. Zvino akafa, uye vakati azviuraya.

⁵⁴ Zvino, hazviiti mutsauko kuti ndinozvitaure sei; vachangoramba vachiti akazviuraya. Asi mwana uyu haana kudaro; akafa nechirwere chomwoyo! Zvino kana ukacherechedza, akanga akatambanudza ruoko rwake, achiedza kubata foni—foni yakanga iri muruoko rwake. Akafa nechirwere chomwoyo. Vakati mapiriti okukotsirisa akanga aripo; akanga aashandisa kwemwedzi wose (maona?) akanga aashandisa kakawanda, achiatora mubhodhoru umu. Akafa nechirwere chomwoyo, zvakare akafa kwasara masekenzi mana kana mashanu kuti dzikwane 4:00, chaidzo.

⁵⁵ Zvino ndakaverenga nhorooondo yohupenyu hwake mupepanhau kuti iye . . . Akanga ari mwana akanga akaberekwa kunze kwomuchato; uye kuti akashanda zvakanyanya achigeza madhishi; zvakare mai vake vakanga vari kunochengetwa mapenzi; zvino akanga ane chishuvo (asi akanga ari mukadzi aiva nechimiro chakanakisa, ndinofunga kuti, pasi pose)—asi akanga achishuva chimwe chinhu chisingakwanisiki kutengwa nemari. Ndakafunga kuti, “O-o, ndinoshuva kuti dai ndakakwanisa kusvika kwaiva! Ndinoziva kuti chii chaaida!” Mazvionaka!

⁵⁶ Dzimwe nguva inhengo dzamachechi ano mukurumbira, dzakanakisa—dzino mukurumbira dzokuHollywood, kune zvinopenya zvose . . . Asi vanoona vanhu ava . . . Aikwanisa kuona kuti havakwanisi kurarama zvakasiyana nezvaaiita. Zvinotora kuva pasi pesimba rokufurira! Zvinoda simba rokumuka raKristu pakati pavanhu, pavanoona kuti Kristu haasi mufananidzo wakaiswa pamadziro, asi kuti Iye Munhu anorarama muchimiro choMweya Mutsvene, achirarama muvarume navakadzi, achiunza rugare, nokugutsikana, nomufaro. O-o, dai takakwanisa kusvika kumudzimai muduku uyu asati abva panyika.

⁵⁷ Zvino, simba rokufurira. Takaona kuti—kuti hupenyu hwaUziya hwakava nesimba pamuprofita kusvika pokuti Ukiya—Uziya, ndingadaro, iye akazvivakira madziro akazvisimbisa, akatora zvakare nyika nenzvimbo dzakanga dziri dzavo kubva kuFiristia, nezvimwe, kusvika mbiri yake yakasvika kuEgipita. Zvino ndinokuudzai, panhorooondo dzose dzamadzimambo, hakuna mumwe wavo kunze kwaSoromoni, akabudirira saUziya. Sei zvakadaro? Nokuti akava muenzaniso. Akaramba akabatirira pana Mwari, zvisinei kuti vanhu vake vaifungei, kana kuti mumwe munhu aifungei, kana kuti vezvamatongerwe vakanga vaedza kumufurira zvipi. Akaramba akabatirira pana Mwari, uye izvi—Mwari akamuropafadza. Izvi zvakabatsira kwazvo muprofita muduku uyu.

⁵⁸ Uye Mwari anoropafadza munhu anenge amira muchokwadi cheShoko raMwari. Zvino, anogona kunge asina mukurumbira, asi anoropafadzwa. Uye zvino, vanhu vanofanira kutora sarudzo yavo, kuti vanoda kumira vachiita sezvinoitwa novoruzhinji here kana kuti vanoda kuropafadzwa naMwari. Zvino, unokwanisa kutora sarudzo yako. Kana uchazorarama savamwe vose, ucharopafadzwa navo; asi ukaunza zvose—zvishuvo zvako zvose kuna Mwari, ucharopafadzwa naMwari. Nokudaro unofanira “Kusarudza zuva ranhasi kuti uchashumira ani,” sezvakataurwa nomuprofita. “Nguva dzose rangerira Musiki wako, kutanga, nguva dzose.”

⁵⁹ Zvino, asi iye... Mambo uyu paakasvika panzvimbo, ari munhu mukuru uye aine simba pana Isaya navamwe vakarurama, vakadaro, vohumambo hwake, akasvika panzvimbo—yaakanzwa manzwire okuti akazvikwanira pachake. Zvino apa ndipo pamunokanganisa. Ndipo panopuzika munhu wose akarurama achisvika pakunyadziswa, anosvika mukukundwa, nokuti anenge ava kunzwa kuti akazvikwanira. Unotanga kufunga kuti wararamira Kristu nguva yakareba, zvokuti hazvina mhosva zvaAnoisa pamberi pako, unotora sarudzo yako kuti unozvida here kana kwete. Unofanira kuenderera mberi uchishumira Mwari. Hazvina mhosva kuti wakanga uri chii makore gumi apfuura, asi ndezvauri nguva ino.

⁶⁰ Mambo akasvika panzvimbo yaakatanga kufunga, zvokuti akazvisimudzira. Kuzvikudza kukapinda mumwoyo make. Zvino izvi ndizvo zvinoitika kwatiri. Kana mukangonzwavo chitaurwa ichi, ndizvo zvakaitika kumachechi edu munyika yose. Muna vanhu vakanaka maari; vamwe vavanhu vakanakisa munyika vanoenda kuchechi. Ndinofunga kuti vamwe vavanhu vakanakisa ndivo vanoenda kuchechi. Asi chinhu chiripo ndeichi, hu—hurongwa hwamasangano hwakazvisimudzira. Ndzivo zvakaitika ku—kumaMethodisti; ndizvo zvakaitika kumaBhaptisti; ndizvo zvakaitika kumaNazarene, kuPilgrim Holiness, kumaPentekosti— vakazvisimudzira, vakasindimara,

vanongozvifunga ivo, vanozvikudza, vasingaudziki. Mwari haakwanisi kuwana nzira yokupinda nayo mumwoyo mavo. Imhosva yokuti vasvika pavanoti tinoziva zvole kusvika hapana munhu anokwanisa kuvaudza chinhu. Uye vanozvivaka panjere dzavo nehama, vanozviumba pachitendwa chavo. Zvino kana vadaro, vanosiya Mwari shure.

⁶¹ Ndizvo zvinoitika kuna vana chiremba. Kana vakazvikwanira ivo pachavo vachifunga kuti havadi batsiro kubva kuna Mwari, ndipo pandisingadi mumwe—pandisingadi kuti mumwe awane chokuita neni. Kana wasiya Mwari pachinhu chipi zvacho, ibva wa—ndinoda kuti undisiye kunzevo zvakare. Maona? Nokuti unofanira kurangarira Mwari kutanga nguva dzose! Akazvisimudzira.

⁶² Vanhu vakawanda nhasi. . . Tora—mhuri yavanhu inotanga kuenda kuchechi. Zvino Mwari opodza mhuri duku iyi. Anovaropafadza, nokuvapa Mweya Mutsvene muhupenyu hwavo. Vana vaduku vanonamata patafura; vanonamata vasati vaenda kundorara. Mai nababa vanobatana maoko vonamata. Zvino kana vachienderera mberi vakadaro, vanoramba vari mhuri; asi rega vawane. . . Chinhu chokutanga unoziva, vanga vasina chinhu, vane motokari tsaru, zvichida, vachifamba netsoka, zvichida vanenge vachifamba netsoka. Pokupedzisira vanozwana motokari yakanaka, vova namba yakanaka. Uye chinhu chokutanga, vanozoda kusvika kune zvinonzi—zvinonzi nenyika, vanhu vari nani kuyanana navo. Vanotama kuenda kune imwe nharaunda, uye ikoko, vanova pasi perimwe simba rokufurira kwakaipa. Unofanira kugara nguva dzose paHumambo hwaMwari uye pari kudururwa kubwinya kwaMwari. Gara paunokwanisa kupiwa kudya kwapaMweya husiku namasikati. Zvino chinhu chokutanga, maona kupesana kunouya mumba, nenyika inopinda, uye vanotanga kuzvisimudzira. Uziya akaita izvozvo; akazvisimudzira, nokuzvikudza kukuru.

⁶³ Uye zvino, tinoona zvaakanga zvaakaedza kuita. Zvino, chakamubata paakazvisimudzira mumwoyo wake (tinoudzwa muBhaibheri, muMakoronike 26—tinoona kuti—II Makoronike 26), tinoona kuti akaenda mutembere yaShe ane hari yezvinonhuwira muruoko rwake kuzopisa zvinonhuwira kuna Ishe. Zvino paakadaro, mushumiri womutembere namakumi masere avanwe vakamutevera, uye vakamuudza kuti “Musadaro; muri kukanganisa. Hamusi muparidzi. Muri mambo, kwete muparidzi.”

⁶⁴ Uye akashatirwa, uye akaita hashha. Uye akava nehasha kwazvo, uye akaenda kundopisira zvinonhuwira zvakadaro. Uye Mwari akamurova namaperembudzi pakarepo amirepo mukutsamwa kwake; uye akafa namaperembudzi. Vakamubudisa mutembere.

⁶⁵ Ndipo patiri kuda kuva nechidzidzo zvino. Kana munhu akaropafadzwa naMwari ari panzvimbo yake... Asi haana kugutsikana naizvozvo, akada kutora nzvimbo yomumwe munhu. Haukwanisi kuva chinhu... Sezvakataurwa naCongressman Upshaw (munomurangarira here, uyo—akanga akaremara kwamakore makumi matanhatu namasere akazopodzwa mumusangano, munozviziva. Akanga ari Congressman weUnited States.), akati, “Haukwanisi kuva zvausiri.” Nokudaro ndicho chokwadi. Unofanira kugara pakudanwa kwako, pawakadanirwa naMwari.

⁶⁶ Zvino, paakanga achiri mambo, uye—akanga ari chiropafadzo kuvanhu paakanga ari mambo. Asi paakafunga kuti muparidzi, ipapo... Akafunga kuti nokuti Mwari zvaamuropafadza, aikwanisa kuita zvose zvaaida. Asi akanga ari chiropafadzo kuvanhu samambo, asi haana kuva chiropafadzo... Akava chituko paakaedza kutora nzvimbo yomuparidzi. Zvino tine zvinhu zvakadaro zvakawanda. Munhu wose anoda kuita iye. Maona?

⁶⁷ Kana muchitamba nhabvu (sezvo iri nguva yenhavvu), chinhu chatinofanira kuita, hakusi kuedza kuti mumwe munhu andotorera mumwe bhora; chatinoda kuita kuedza kuchengetedza munhu uyu. Muchengetedzei; muregei aende. Tiri kuda kuedza kunwisa bhora. Maona?

⁶⁸ Asi imbofungidzira kungava namambo asina kudzidziswa wokuti akawana mumwe munhu—munhu wokwake—ane bhora achimhanya kundomwisa, zvino pano kuti abvise muvengi kwaari, weimwe timu, kuti munhu wenyu ane bhora aende, zvino munhu wose ari kuedza kutorera munhu iyeye bhora? Ko, munototi mukundwe.

⁶⁹ Zvino nhasi, tine zvinhu zvimwe chete. Tikaona Mwari achiuya, uye achizoropafadza chimwe chinhu, ngatichengetedzei vavengi vose vari kure nacho. Ngatishandisei simba rokufurira kwedu kudzivirira, kwete kumhanyira mberi, asi kurwira uyo anenge achimhanya, regai aende nebhora, nokuti panenge pasina anodzivisa, zvaunofanira kuita kuramba uchimhanya. Zvino tinofanira kuva vadziviriri.

⁷⁰ Ndinoreva pasi pose, munoziva, kuFull Gospel Business Man, pasi pose, masangano. Zvino nguva shoma yapfuura, ndinotenda kuti, ndakanga ndiri kuKingston, Jamacia, pavakanga vana Castro navamwe vose pamusangano uyu (kana kuti takanga tiri kwaanogara, ndiko kwatakanga tiri), zvino vanoremekedzwa vose pachitsuwa ichi vakanga varipo; zvino vamabhizinesi ava vakanga vachiedza kuparidza Evhangeri. Haisi iyo nzvimbo yake. Isu vaparidzi tine nguva yakaoma kuti titwasanudze zvinhu izvi. Zvino ivo vanoshandisa simba rokufurira kushoma kwavanokwanisa kuwana, uye namazano

ose avangagona nenzira *iyi* kana *iyoy*, zvino zvokanyaniswa zvokuti hauzoziva zvokuita.

⁷¹ Nguva dzakawanda mu—mucheche—mucheche duku munokwanisa kuva norumutsiriro; mumwe munhu anenge achida kuenda kundotungamirira munamoto. Zvino, iye anenge ane imwe pfungwa yakasiyana nezvinotaurwa neBhaibheri, asi anozvitenda nenzira iyi zvakadaro; uye anotanga kuva nesimba rokufurira obvisa vamwe kubva mairi. Chinhu chinofanira kuitwa kudzivirira Mharidzo ino kuti ifambe mafambire aIri kuita, gara Nayo yakadaro, uye wobvisa zvimwe zvose paIri, kana tichazosvika pakukunda.

⁷² Zvino ndakati, “Hama, pane chimwe chinhu chakanganisika. Imi muri vanhu vamabhizinesi. Chokutanga, hamunzwisisi maitirwe acho. Hamunzwisisi masvikire amunoita pashumiro, nokuti kuva neshumiro chipo chokudanwa naMwari.” “Mwari akaisa muChechi kutanga vaapostora, vaprofita, vadzidzisi, vaevhangeri, navafudzi.” Mwari akavaisa imomo kuti Chechi ikwaniswe. Vamabhizinesi vanofanira kupupura. Madzimai, namai vemba, hazvina mhosva kuti uri kushanda mumba momumwe munhu, unofanira kupupura. Itira Humambo zvose zvaunokwanisa; asi usawedzera pfungwa dzako; taura zvinotaurwa neMharidzo woramba uchienda mberi (maona?), uye zvichida uchakwanisa kuva nesimba rokufurira. Zvino, usaedza kuparidza kusvikira Mwari, unoziva, akudana. Gara naizvozvo, nechapupu chako, nokuti ukarega kudaro, unozopinda panzvimbo isiri iyo; uye zvino unokanganisa zvinhu zvose. Ndzivozvo. Zvino hazvifadzi Mwari zvachose. Izvi zvinosimbiswa pano.

⁷³ Zvino mambo uyu...Zvino, paakatsiurwa akataurirwa chokwadi nomuprista womutembere, akaedza kumuudza kuti akanga akanganisa, uye kuti Mwari akanga adanira vana vaAaroni chete zvinhu izvi, uye vaizvipira kushanda basa iri chete... Ndzivo bedzi zvaifanira kuita, vakanga vakapirwa kune izvi. Zvino mambo, hazvina mhosva kuti akanga akarurama sei, kana kuti akanga aropafadzwa naMwari zvakadii, akanga asina mvumo yokupisa zvinonhuwira. Akanga ava kutora nzvimbo yomuprista, uye akanga asingafaniri kuzviita. Zvino paakatsiurwa, akaita hashha; hashha dzake dzakamubata, zvino ipapo paakashatirwa, ndopaakaita maperembudzi kumeso. Akaona ava namaperembudzi, uye zvadii akakanda hadyana pasi akamhanya achibuda mutembere. Maona? Aiedza kutevedzera mumwe munhu, hatifaniri kudaro.

⁷⁴ Mukutsamwa kwake akakanganisa, uye akarohwa. O-o, chakanga chiri chidzidzo kumuprofita muduku uyu kuona, zvino, zvisina mhosva kuti murume uyu akanga ari mukuru sei, aifanira kugara pakudanwa kwake.

⁷⁵ Ndinoziva kuti izvi zviru kutepwa, uye ndinoziva kuti zvicha—kuti zvinoenda pasi pose, mumasango, kumaHottentoti, navamwe vose. Mharidzo ino husiku huno ichashandurwa kuenda mune mimwe mitauro. Asi ndinotaura izvi nomwoyo wangu wose, ungadei. . . Vanhu vazhinji vanoti, “Sei usingaiti nhengo yerimwe sangano? Sei usingauyi kumaPentekosti? Sei usingauyi kuboka *iri*? Sei usingaregi zvinhu zvidiki izvi zvichienda?” Ndingazviita sei? Ndinofanira kugara neMharidzo iyi!

⁷⁶ Mutumwa waShe paakauya ndiri parwizi muChiedza ichi chamunoono, uye zvakasimbiswa nehurumende navamwe vose, nevesainzi—navanoongorora zvesainzi kuti ichokwadi. . . Zvino Akandiudza kuti ndigare neShoko iri. Zvino ndingaRisiya sei ndichindotora dzidziso dzavanhu? Kana varume ava vari kunze uko vakazviita, varegei vachizviita. Asi isu takadanwa kuti tiparidze Shoko! Musarerutsa; mirai neShoko!

⁷⁷ Nokudaro zvino mava kuona kuti zvine njonzi kurerutsa uye uchiita chimwe chakasiyana, kana kuedza kuzvisimudzira, uchiti, “O-o, ndinokwanisa kuita *izvi* uye ndova nemari yakawanda. Ndinokwanisa kuita *izvi*, uye hama dzose dzinowirirana neni.” Ndinokwanisa kurerutsa paShoko rino, uye—makumi mapfumbamwe namapfumbamwe kubva muzana avaparidzi vanozozvitenda, “Zvakanaka, zvakanaka.” Zvino ndinoziva iko zvino, vazhinji vavo vanodana. . . Chii ichocho? Chingwa nehove, nokuona vanhu vachipodzwa, nokuziva zvakananzika, namasimba aMwari, nezvimwe, zvichiratidzwa. Vanokudana kuti uve nomusangano nokuti vanhu vauye—mumachechi avo nezvakadaro; asi kana zvava kusvika pakuti vawirirane neShoko, vanobva kwaRiri. Maona? Hamufaniri kudaro. Garai neShoko!

⁷⁸ Zvino, ichi chakanga chiri chidzidzo kumuprofito muduku uyu, kuti hazvina mhosva akanga aedza kuitei, aifanira kugara mukudanwa kwake. O-o imiwe, akadzidza—hurongwa hwaMwari kumunhu. Hurongwa hwaMwari kumurume ndohwokuti agare panzvimbo yake. Hurongwa hwaMwari kumadzimai ndohwokuti vagare panzvimbo yavo zvakare. Haukwanisi kutora nzvimbo yomurume. Vari kuedza kuzviita, asi musadaro. Varume, musatore nzvimbo dzamadzimai, musapfeka samadzimai. Uye madzimai musapfeka savarume. Bhaibheri rakati zvakaipa kuti mudaro. Bhaibheri rakati, “Mudzimai haafaniri kufuka nguvo dzomurume, anonyangadza Jehovha, zvinonyangadza.” Maona? Asi zvino hauchakwanisi kuziva kuti murume kana mudzimai ndoupi. Maona? Zvino, uchaita sei, asi kutaura uchipikisana nazvo? Zvino, ipapo kana wadaro. . .

⁷⁹ Makaona here zvakarairwa nedare svondo rino muno muIndiana? Zvinonyadzisa sei! Makore asingapfuuri gumi namashanu apfuura imwe mhuri iri muno muPort Fulton

(ndinotenda kuti vamwe vemhuri iyi vagere pano husiku huno)—muno muPort Fulton, vakadzosera mumwe musikana kumba kubva kuchikoro nokuti akanga aendako akapfeka zvikabudura. Zvino—svondo rino vari kuedza kupa mhosva nokudzinga mumwe kubva pachikoro (uye vakatozviiita), mumwe musikana nokuti akaramba kupfeka chikabudura kuchikoro. Chii chakanganisika munyika yedu? Ndaifunga kuti inyika yavanhu vakasununguka; ndaifunga kuti tine mvumo—yokusununguka kwokunamata.

⁸⁰ Baba vake vakasimuka vakati, “Zvinopesana nezvatinotenda muchinamato chedu kuti vana vedu vafefe zvikabudura, mwanasikana wedu ana makore gumi namatanhatu, kana gumi namanomwe, kuti apfeke zvikabudura; zvinopesana nezvatinotenda muchimato chedu.” Zvino ivo vakamudzinga vakamubvisa mwana uyu pachikoro.

⁸¹ Ndakanzwa kuti munhu wose asingabvumirani nokuuya mu—mu—kubatorana pamwe chete kokuyanana uku kwavari kuedza kugadzira—nokubatanidza machechi ose pamwe chete, mubatanidzwa wamachechi, kuti vose vasingapindimo nokushanda navo, vari kuvagadzirira nzvimbo yokuenda; vachazovatumira kuAlaska. Unofanira kugadzirira kugara munzvimbo inotonhora, nokuti zvinoratidzika kunge zviri kuuya. Zvino, zvinonyadzisa sei!

⁸² Shamwari yangu yakare, Jim Poole, mwanakomana wake ari pano husiku huno. Ndinoshuva kuti dai baba vake vaita zvakaita mwanakomana vavo. Zvino tanga tichikurukurirana nhasi pafoni, zvino vanga vachitaura, ndinotenda, pamusoro pomumwe mutauri wenhau kana mumwe munhu, (handicharangariri kuti anga ari ani iko zvino), asi ati, “Zvaisimbova kuti—vanhu vomuAmerica vaigeza kamwe chete pasvondo vachinamata mazuva ose,” zvino akati; “zvino vava kugeza mazuva ose uye vava kunamata kamwe chete pasvondo.” Ini ndinotenda kuti ndingagara zvangu ndisina kugeza. Asi zvinongoratidza kuti tapunzika zvakadii. Chii chakaitika kunyika ino?

⁸³ Makore mashanu apfuura ndakanga ndiri kuOhio, uye ndakanga ndine musangano kumusoro uko (nzvimbo iya inonzi chii kuya kwandakanga ndiri? [Mumwe munhu anoti, “Chataqua”—Mupepeti.]—Chataqua. Uye ndakanga ndichiterera kunhau ndiri muhotera, zvino zvakanzi, “Ruva rorusununguko rafa pano nhasi mudare rokutonga muOhio.”

Vanhu vechiAmish, havatendi mukutumira vana vavo muzvikoro zvoruzhinji. Vane zvikoro zvavo voga. Zvino mune imwe nharaunda mavakanga vari, vakanga vasina zvikoro zvikuru. Murairo uri muOhio nomuIndiana (ndinofunga wava murairo kwose zvino) ndowokuti vana vose vanofanira kuenda kuchikoro kusvikira vava namakore gumi namatanhatu. Zvino

murume uyu akanga ana vana, mukomana nomusikana, vakanga vasati vasvika makore gumi namatanhatu; uye akaramba kuvatumira kuchikoro chavanhu vose kwavanodzidza dzidziso yaDarwin (yokuti munhu akabva muchizenga chimwe chete, akaita setsoko; ndizvo zvaari, kuti itsoko yakashanduka uye . . .). Zvino nokudaro, havawirirani nazvo, uye havadi kuti vana vavo vazvinzwe. Zvino dare rokutonga rakavatora. Zvino pakanga pane mutongi wechidiki akangwara akati kuna baba namai ava vakanga vakura, vane vhudzi ravo rakagerwa vane hovhorosi, iye akati, “Changamire, nyika ino yeOhio ino murairo unoti mwana anofanira kuenda kuchikoro kusvika ava namakore gumi namatanhatu,” uye akati; “muri kurambidza vana venyu kuti vaende kuchikoro. Mhinduro yenyu ndeyokuti?”

⁸⁴ Akati, “Vanoremekedzwa changamire, ndinoremekedza murairo wenyika ino yakanaka yandiri chizvarwa mairi.” Akati, “Asi takauya kuno makore apfuura, namadzibaba edu, nokuda kusununguka pakunamata, uye tiri pano, nokuda kusununguka pakunamata. Kunamata kwedu kunotidzidzisa kuti hatina kubva kumhuka kuti tive vanhu kuti . . . Tinotenda kuti takasikwa mumufananidzo waMwari. Nokudaro, zvinopesana nokunamata kwedu kuti titumire vana kuchikoro chinodzidzisa zvakadaro. Nokudaro, hatina chikoro chikuru kuno chokuti vana vedu vapiinde. Zvino hakusi kuti hatidi kukuremekedzai; tinoremekedza zvamunotenda; asi isu, hatizvitendi, uye hatidi kuti zvidzidziswe vana vedu.”

Akati, “Muchaendesa vana venyu kuchikoro kana kuti imi nomudzimai wenyu muchapedza makore maviri muri mujere.” Akati, “Sarudzo yenyu ndeipi?”

Akati, “Mudzimai wangu neni tichapedza makore maviri tiri mujeri.” Zvino vakatendeuka vakatanga kubuda.

Mutongi uyu anenge akanzwa kupomerwa mhosva, nokudaro akati, “Rangarirai, Bhaibheri renyu haritauri here kuti, ‘Ipai Kesari zvaKesari?’”

Zvino baba ava vakatendeuka, vakati, “Uye zvaMwari . . .?”

Murume aitura nhau akati, “Zvino, ipapo rusununguko . . .”

Zvino mutongi akati, “Ndinoda kuti mupike makore maviri.”

Akati, “Ipapo rusununguko—ruva rorusununguko rafa mudare rokutonga mhosva masikati ano.”

⁸⁵ Mushure mazvose, maDunkards—kana kuti maAmish, ndingadaro, hazvina mhosva kuti havanzwisiki zvakadini, vanotenda mukurarama zvitsvene. Zvino hapana chinyorwa kupi zvako muno muUnited States paunonzwa kuti vakava nemisikanzwa yavana vaduku. Hapana kana munhu mumwe chete, kana mwana mumwe chete, kubva muchinamato chavo

akambova nemisikanzwa. Regai vagare vasinganzwisisiki kana zvavanoda kuva; vanorerwa zvakanaka. Handivapi mhosva.

⁸⁶ Asi tererai, ruva rakafa ipapo, asi mushure mamaminetsi gumi rakamuka zvakare. Gweta raipomera mhosva, navamwe vose, vakaisa mabhuku avo pasi, vakati, “Zvino tava kurega basa redu, nokuti kana mukatyora Bumbiro romutemo iri, muchazoguma matyora yose.”

⁸⁷ Makacherechedza here rimwe zuva kuti Bhishopi weMethodisti akangwara, akataurei pamusoro pazvo—vachiti munamato mu—muchechi—muzvikoro? Yakanga isiri Chechi yeMethodisti. Bhishopi uyu akanga akangwara zvokuti akakwanisa kuona izvi. Rakanga riri rimwe boka raida kuona kuti ringamanikidza sei kuti pave nomumwe munamato mu—muchikoro. Kana vakabvumidza izvi, vaizobvumidza zvimwe nechimbichimbi kwazvo. Vari kutsvaga mukana wose wawangakwanisa. Musanetseka, vachauwana.

⁸⁸ O-o! Tinoda muchinjikwa. Tinoda Kristu iko zvino tichiri kukwanisa! Musanyengedzwa nomunhu zvichida anokwanisa—anokwanisa kukupai zvokudya zvakanaka. Musanyengedzwa nomunhu anokwanisa kukupai motokari yakanaka yokufamba nayo, kana imba yakanaka yokugara, uye wotengesa udangwe hwako kuna Kristu. Usazviita! Cherechedza zvauri kuita. Nguva dzose tevera uyo ane simba nokutsigirwa naMwari, waunoziva kuti—Mwari anaye. Usatevera kufurira kwakaipa. Hongu! Ndizvozvo. Usaedza kutora nzvimbo yomumwe munhu.

⁸⁹ Chiratidzo chomutembere, akaona pa—pachigaro Mwari akasimudzirwa, Mwari akasimudzirwa. Zvino munoona, kuti mambo uyu. . . Akanga ava muenzaniso kuna Isaya, uye Isaya aona kuti mambo paakangobva pakudanwa kwake—Mwari akamurova namaperembudzi. Zvino Isaya akafunga, “Zvino ndoitei?” Uziya akanga afa, akanga akanyanya kuzembera paari. Zvino akafunga kuti zvaanga aenda; iye aizoitei? Hupenyu hwakanga hwamusiya. Nokudaro muprofitu muduku uyu akaitei? Akapinda munzira kuenda kutembere kundonamata. Akapunzika paartari, akachema.

⁹⁰ Dzimwe nguva Mwari anoita kuti zvose zvinotitsigira zvibviswe patiri. Dzimwe nguva Anorega tichirohwa nourwere. Anorega tichigumbuswa, nokurwadziwa kwomwoyo, zvichiuya patiri. Dzimwe nguva Anoita izvi kuti tisvike pakufurirwa neEvhangeri. Ivai makangwara kuti mukwanise kuzviona. Regai kuva nohupenzi hwokubva pazviri.

⁹¹ Cherechedzai, Isaya akaziva kuti anofanira kuwana chimwe chinhu chakasiyana. Nokudaro akaitei? Akaenda mutembere; akasimudza maoko ake, akachema kuna Mwari. Zvino akaona muchiratidzo. Zvino paakaona muchiratidzo, akaona Mwari, kwete pachigaro chiri pano pasi, asi akasimudzirwa, kumusoro. O-o, ini zvangu! Mipendero yenguvo Dzake

yakanga ichimutevera ichisimudzwa kusvika kuMatenga. Zvino akaona Maserafimi achibhururuka, kukwira nokudzika mutembere. O-o, imiwe! *Serafimi* zvinoreva “vapisi,” shoko rokuti *Serafimi* ndizvo zvarinoreva. Anogara pedyo neartari. Pakushanda kwawo, Maserafimi ndiwo anogashira chipiriso, uye ndiwo anochenesa munamati, zvakare omuisa kuna Mwari, ndizvo zvinoitwa naMaserafimi. Zvino, Maserafimi awa ingirozi, uye ndidzo dziri pedyo naMwari, pedyo neartari. Uye dzinogamuchira chipiriso. Zvinoratidza kururamisira kwaMwari, kuti chivi hachikwanisi kuuya muhupo Hwake kusiya kokunge chaitirwa yananiso. Maona? Zvino Maserafimi aya...

⁹² Munorangarira here Zvizvarwa Zvamachechi Zvinomwe kuti aichengetedza sei Evhangeri, rimwe kudivi roga roga? Munorangarira kuti, takaratidza mubindu reEdheni nomurazvo womunondo waimonereka? Anochengetedza artari.

⁹³ Zvino Isaya, muprofitu mukuru uyu, paakapinda muMweya, akatanga kuona Mwari akagara kumusoro kuMatenga, kudarika mambo wose wapanyika. Akati, “Ndakaona Mambo, Ishe akagara akasimudzirwa (ipapo akazoona Mambo chaiye), uye mudungwe waKe wakanga uchiMutevera.

⁹⁴ Zvino akaona Maserafimi achibhururuka mutembere. Akanga akafukidza zviso zvawo namapapiro, akafukidza makumbo awo, uye akanga achibhururuka namaviri. Zvino akanga achidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Ishe Jehovha Samasimba! Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Ishe Jehovha Samasimba!” Uyu—mumanzi wakadii, kuimba kwakadii! Munoti, “Anofanira kunge akanga achitaurira pasi. “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Ishe Jehovha Samasimba [Hama Branham vanoedzesera—Mupepeti.]”

⁹⁵ Isaya akati, “Paakataura, nheyo dzezvikumbaridzo dzakazununguka nokutaura kwawo.”

⁹⁶ Akanga asingangoti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, [Hama Branham vanoedzesera—Mupepeti.]” O-o, inzwi rakadii. Uye akati, “Nheyo dzezvikumbaridzo dzakazununguka nenzwi rokudana kwawo.” Dzakanga dzichidanidzira, ngirozi idzi dzakamira parutivi paMwari, dzichidanidzira, “MUTSVENE, MUTSVENE, MUTSVENE IYE ISHE JEHOVHA SAMASIMBA!” Chiratidzo chakadii! Whew! O-o, imiwe!

⁹⁷ Cherechedzai zvakare, Isaya akanga akazemberana naUziya paakaona achifa mushure mokutongwa naMwari; uye akazoona ngirozi idzi tsvene dzakamira parutivi rwaMwari, Maserafimi achidanidzira, “MUTSVENE, MUTSVENE, MUTSVENE, IYE ISHE JEHOVHA SAMASIMBA!” . . . Zvino idzo Ngirozi tsvene idzi dzakafukidza zviso zvadzo. Ngirozi tsvene dzakafukidza

zvizo zvitsvene pamberi paMwari mutsvene, zvino isu tiri vana ani? Uye zvino. . .

⁹⁸ O-o, imi maMethodisti, namaBhaptisti, namaPresbyteriani, namaPentekosti, muri vana ani? Apo Ngirozi tsvene dzinoviga zvizo zvadzo zvitsvene pasi pamapapiro adzo kuti dzikwanise kumira muhupo hwaMwari, apo Ngirozi, zvisikwa izvi zvinotodarika Ngirozi. . . Ngirozi hadzikwanisi kumira ipapo, Maserafimi chete ndiwo anokwanisa kumirapo. Makuru paNgirozi. Zvino Mwari mutsvene kwazvo kusvikira anofukidza zvizo zvawo muhupo hwaMwari. Zvino chinhu choga chaaikwanisa kutaura kungoti, “MUTSVENE, MUTSVENE, MUTSVENE IYE ISHE JEHOVHA WEHONDO!” Whew! Chifukidzo chinokosha chokuti akwanise kumira muhupo hwaMwari. . . Kufukidzwa kwemhando ipi kwatinoda? Aifanira kunge akafukidzwa.

⁹⁹ Zvino, ndinoda kutaura izvi iko zvino: Ropa raJesu Kristu rakatikwanira. Maona? Kristu haana kufira Maserafimi. Kwete, kwete! Asi izvi zvisikwa zvipenyu zvakasikwa. HaAna kufira Ngirozi; Akafira vatadzi. HaAna kufira vanhu vatsvene; akafira vasati vari vatsvene. Zvino kana uchifunga kuti uri mutsvene, hapana chaAkakuitira. Asi kana waziva kuti hausi chinhu, zvino Akafira—Akafira iwe. Maona? Kana ukaziva kuti hausi chinhu, zvino Iye ndiYe—ndiwe waAkafira. Mwari mutsvene. Hakuna chimwe chaAnacho kunze kwohutsvene; ndizvo zvose zvaanazvo, hutsvene.

¹⁰⁰ Zvino, ngaticherechedzei mapapiro awa kwamaminetsi mashoma. Takaona kuti mapapiro maviri aifukidza zvizo zvawo. Imiwe, fungai! Kunyangwe Ngirozi tsvene dzakafukidza zvizo zvadzo muhupo hwaMwari mutsvene. Zvino chinhu chadzaikwanisa kutaura kwaingova kuti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene iye Ishe Jehovha Samasimba! Mutsvene, mutsvene, mutsvene iye Ishe Jehovha Samasimba!” Zvino tinoziva kuti aidanidzira zuva rose nohusiku hwose. Ndicho chinhanho chaMwari chokutanga kana achidzika. Masikati nohusiku, pasina kuzorora. Zvino munofunga kuti tiri kuita ruzha rwakanyanya. Unofungei pamusoro pamamiriyoni amaserafimi anenge akapoteredza chigaro ana manzwi anozunungusa zvikumbaridzo zvetembere rimwe chete rawo parakadanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene”? Munoziva, inzwi racho rakazunungusa tembere, paraidanidzira mamiriyoni aidanidzira akapoteredza chigaro chaMwari. “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Ishe Jehovha Samasimba! Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Ishe Jehovha Samasimba,” namapapiro akafukidza zvizo zvawo, namamwe mapapiro akafukidza makumbo awo, namamwe mapapiro mukuremekedza, kuremekedza. O-o, imiwe!

¹⁰¹ Zvino hapana kukudzwa kana kuremekedzwa kwechinhu chose chinotaura pamusoro pohutsvene. Ukataura pamusoro

pohutsvene, unonzi mutsvene asingazvibati. Hapana kukudzwa, havana kuremekedza kuna Mwari, kuvanhu vaKe, kana kuShoko Rake.

¹⁰² Zvino, boka iri richazoperera kupi? (Ndinofunga kuti wataura chokwadi, Ben. Wanyatsonanga apo, Mwanakomana. Hongu, ndizvo.) Boka risingakudzi iri rose richaperera kupi? Boka iri risingaremekedzi richaperera kupi (ndizvo chaizvo!), avo vasina kuremekedza zvachose kuna Mwari.

¹⁰³ Munoziva, zvaisimbova kuti kana mukadzi kana murume akati ndiri muKristu, vanhu vaizviremekedza; asi nhasi vanoda kuona kuti vangakusvotesa sei pamusoro pazvo. Maona? Boka risingaremekedzi! Ini zvangu! Sei? Munozivei? Ichi ndicho chikonzero. Havazivi kuti ichi iChokwadi. Havazivi kuti ndiMwari. Havarangariri zvakataurwa neBhaibheri kuti, “Vatumwa vaJehovha vakapoterredza avo vanoMutya.” Havauyi kuzoshanya chete; ivo—ivo vanovaka musasa yavo ipapo. Amen! “Vatumwa vaJehovha vakaisa musasa pana avo vanotywa Zita Rake.” Vanogarapo masakati nohusiku.

Imwe hama yechitema yaiimba rwuyo urwu, *Vatumwa Vanoramba VachiNdichengetedza*. Akati,

Zuva rose nohusiku hwose Vatumwa vanogara
vachindichengeta . . .

¹⁰⁴ Ndizvozvo. Zuva rose nohusiku hwose, Vatumwa vanondichengetedza. Jesu akati pamusoro pavaduku ava, akati, “Chenjerai kuti murege kugumbusa mumwe wavaduku ava, nokuti ndinoti kwamuri kudenga Vatumwa vavo vari pamberi pechiso chaBaba Vangu vari kuDenga.” Maona? Nguva dzose dzinogara dzakakomberedza, dzakavatarisa. Zvino ivo havazvitendi, vanhu vakaipa. Tichataura pamusoro pohumwari nokusava nohumwari kuti kunorevei mangwanani, kana Ishe achitendera.

¹⁰⁵ Zvino cherechedzai, havatombotendi izvi. Vakarashikirwa nokuzvibata zvakanaka, nokuremekedza kwose, nokuremekedza kwose, asi zvakadaro vanoenda kuchechi. Boka risina kuremekedza kwakanyanya, ndaavo vanoenda kuchechi. Ndizvozvo.

¹⁰⁶ Chidhakwa, munhu anonwa kachasu, anenge achifamba munzira, achifamba-famba zvake, akadhakwa, ukataura naye pamusoro paShe, anomira otaura newe. Asi vamwe vakaomarara, vanongonzi vatendi, nhengo dzechechi, vanoseka pamberi pako, nokuti havadi...?.?.Chokwadi! Havana kuremekedza. Vanofunga kuti unofanira kunge uri mukaboka kavo kana kuti haugari divi rimwe navo. Maona? Ichokwadi. Kusaremekedza.

¹⁰⁷ Zvino, Ngirozi idzi, padzinenge dziri muhupo hwaMwari, dzinenge dziri . . .Ndinozvitando . . .Dhavhidhi akati (munorangarira pano husiku hushoma hwapfuura pandakanga

ndichiparidza pamusoro pezvakada kudai), zvino akati—Dhavhidhi akati, “Ndakaisa Jehovha pamberi pangu nguva dzose, zvaari kurudyi rwangu handingazungunuswi. Uyezve,” akati, “uye kana ndaita izvi, nyama yangu ichazorora netariro.” Hongu, changamire! “Nokuti ndinoziva kuti... Haangasiyi mweya wangu mugehena, kana kutendera kuti Mutsvene Wenyu Avone kuvora. Nokuti Jehovha anogara ari pamberi pangu nguva dzose.”

¹⁰⁸ Kwose kwaunoenda, isa Mwari pamberi. Kana munhu akashatirwa akakutuka, isa Mwari pakati pako naye. Kana munhu akati uri mutsvene asingazvibati, isa Mwari pakati pako naye. Kana mudzimai wako akakutsamwira, isa Mwari pakati penyu. Kana murume wako akakutsamwira, isa Mwari pakati penyu. Kana vana vako vakakushatirisa, isai Mwari pakati penyu. Maona? Chinhu chose chamunoita, isa Mwari mukati. Kana baba namai vakakurova nokukudzora, isa Mwari mazviri. Munorangarira here kuti Mwari akataura kuti chii pamusoro pazvo? “Rovedza mwana nzira yaanofanira kufamba nayo.” Maona? Nguva dzose rangarira, isa Mwari mazviri. Isa Mwari pamberi pako, uye uozova nokuremekedza kuna Mwari uye kuMuremekedza. Ndizvozvo.

¹⁰⁹ Zvino tarisai! Namapapiro maviri yakafukidza chiso chayo namapapiro maviri... Izvi zvaireva kuremekedza, kuremekedza pamberi paMwari, kukotama—kufukidza chiso chayo. Zvino, isu—isu hatina mapapiro okufukidza zviso zvedu, tinokotamisa misoro yedu patsoka Dzake, tinokotamisa misoro yedu tomanata mukukudza, nokuremekedza. Hongu changamire! Zvicherechedzei. Zvino namapapiro maviri yakafukidza tsoka dzayo. Tsoka dzayo... Dzakafukidzwa, tsoka dzayo—zvaimirira hunyoro nokuremekedza.

¹¹⁰ SaMosesi, Mosesi ari—achiremekedza Mwari mushure mokunge audzwa kuti akanga akamira panzvimbo tsvene, akabvisa shangu dzake. Maona? Akaita chimwe chinhu kutsoka dzake. Pauro mukukudza Mwari, kuremekedza... Ngirozi yaShe payakauya kwaari muShongwe yoMwoto, akawira pasi nechiso chake. Rukudzo! Johane muBhabhatidzi, akanga aine rukudzo rwakanyanya paakaona Jesu achiuya, akati, “Handina kufanira kana kubata tsoka dzaKe.” Maona? Tsoka, achiratidza rukudzo. Maona?

¹¹¹ O-o! Zivai, hechino chinhu chimwe chete chamunofanira kuziva: huduku hwako. Kana uchida kusvika pane chimwe chinhanho naMwari, zviite munhu muduku kwazvo. Usazviita munhu mukuru saUziya. Akapinda imomo, uye iye—iye akati, “Ndichaita izvi zvakadaro, kunyangwe ini...Harisi basa renyu rokunditaurira.” Maona? Aifanira kunge akazvininipisa. “Hongu, Varanda vaKristu, ndiregererei.” Angadai asina kumbova namaperembudzi. Kwete! “Ndinoziva kuti ibasa renyu; Mwari akakudanai. Ihofisi yenyu. Imi chizviitai,

Madzichangamire. Ndinohurombo kwazvo.” Dai akabvuma, pangadai pakanyorwa zvakasiyana muBhuku rino. Asi paakadzorwa, akatsamwa.

¹¹² Ukadzora vanhu pane chimwe chinhu kana kuvaudza zvavari kukanganisa, vanobuda muchechi. Vanoda . . . vanoenda kuno mumwe munhu, voudza vakadzi kuti havafaniri kudimura vhudzi ravo, “Zvino, ndichaenda kumwe kwavanobvumidzwa izvi.”

¹¹³ Mumwe mudzimai akauya pano nguva shoma yapfuura . . . ndakatumira mukadzi wangu. Takanga tiri mumusangano; haana kuwana nguva yokugeza vhudzi rake, uye iye . . . ndakamuudza kuti aende kune nzvimbo inogadzirwa vhudzi kuti vhudzi rake rigezwe. Akaenda ikoko, zvino mudzimai uyu akanga asingakwanisi kugadzira vhudzi rake. Akarimona panhongonya yomusoro wake. “Uya,” akati, “Handisati ndambogeza munhu vhudzi—ane vhudzi rakareba.” Akanga asingazivi zvokuita pamusoro paro. Hameno. O-o, imiwe! Maona?

¹¹⁴ Havazivi kuti Chii. Nei? Imhosva yamapurupiti asina simba avanga vari pasi pawo (ndicho chokwadi!), mapurupiti asina simba asingatauri Chokwadi. Vanorerutsa paZviri. Maona? Zviri nani . . . Zvanga zviri nani kuti vazvanzwe . . . Zvino kana ukataura nomumwe wavo, anosimuka, oshatirwa, uye oti, “Handidi kunzwa mutsvene asingazvibati uyu zvakare.” Maona? Enderera mberi, Uziya. Ndizvo!

¹¹⁵ Maperembudzi, nei, ndingava namaperembudzi nguva ipi zvayo asi isiri mhando yamaperembudzi akadai; zvino, awa maperembudzi pamweya. Maona? Kana ukaenda ukandoputsa . . . Unenge wava zvakare namaperembudzi—chivi, chinodarika maperembudzi. Maperembudzi pamweya.

¹¹⁶ Uziya akaenda akandovigwa namadzibaba ake Bhaibheri rinotaura kudaro. Akanga akaponeswa, nokuti akaita chimwe chinhu chakaipa. Asi kana wazviita, uchiziva zviri nani, ipapo yova namaperembudzi pamweya. Uye zvino hapana nzira yokugamuchira mweya unamaperembudzi; munoziva izvi.

Nokudaro, zviite munhu muduku. Zvininipise pamberi paMwari . . . ? . . . Usazvitutumadza nokuva nehasha; nzvera Magwaro uone kuti ndizvo here.

¹¹⁷ Ndakaudza mumwe munhu nguva shoma yapfuura . . . Vakati, “Hama Branham, ndakanzwa kuti muri Jesus Only?”

Ndakati, “Wakanzwa zvisiri izvo.” Maona? Ndakati, “Handizi weJesus Only.”

Akati, “Zvino, munobhabhatidzaka muZita raJesu.”

¹¹⁸ Ndikati, “Hazvindiiti munhu weJesus Only.” Ndakati, “Dzidziso yeJesus Only; vanotenda kuti unocheneswa nokubhabhatidzwa nemvura. Handitendi izvozvo. Handitendi

kuti paunenge wabhabhatidzwa muZita raJesu mwoyo wako wacheneswa—pazvivi zvako; ndinotenda Petro paakati, “Tendeukai kutanga; tendeukai, makatadza kusvika pamaifanira kusvika; dzokerai.” Tendeukai uye muratidze kunyika kuti—kuti makabhabhatidzwa. Ndinotenda izvi. . . handitendi kuti kuberekwa patsva ndiko kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Hakusi kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene; kuberekwa patsva. Unoberekwa patsva neRopa. Chizenga cheRopa chinobva—ndinoreva, chizenga chohupenyu chinobva muRopa. Unobhabhatidzwa noMweya Mutsvene kuiswa mumutumbi, asi unoberekwa neRopa. Chokwadi. Unoberekwa neropa rababa vako. Ndakaberekwa patsva neRopa raBaba vangu, uye na—naBaba vedu, Kristu. Hongu, changamire!

¹¹⁹ Asi munoono, hatitendi zvinhu izvi. Nokuti tinobhabhatidza muZita raJesu Kristu, hazvitiiti vanhu veJesus Only; kwete zvachose. Kwete, changamire!

¹²⁰ Hongu, changamire! Mosesi akazvininipisa muhupo paakanzwa inzwi raMwari richitaura, rikati, “Bvisa shangu dzako.” Mosesi akabvisa shangu dzake. Maona? Ndizvozvo.

¹²¹ Pauro, paakarohwa neChiedza ichi akawira pasi. . . Akati, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireko?”

Akati, “Ishe, Ndimi Aniko?” Maona, akawira pasi. Ndimi aniko?”

Akati, “Ndini Jesu (Shongwe yoMwoto iya)—Ndini Jesu. Zvinokuremera kupfura zvibayiso.”

Akati, “Ishe, munoda kuti ndiiteiko?” Akanga akagadzirira.

¹²² Johane muBhabhatidzi akaMuona achiuya. Mumwe wavanhu vakuru. . . Jesu akati hapana munhu akaberekwa nomudzimai mukuru kuna Johane. Zvino Johane paakaMuona, akaziva kuti akanga ari muduku kwazvo, akati, “Wandisina-kufanira kukotama kuti ndisunungure rukanda rweshangu Dzake.” Amen!

¹²³ Nguva dzose cherechedzai, munhu mukuru anozvininipisa. Nzira yokukwira kudzika, nguva dzose. Zviite munhu muduku, uye Mwari anozokusimudzira. “Ani nani unozvikudza, uchaninipiswa, nani nani unozvininipisa uchakudzwa.” O-o imiwe, ndinofarira izvi.

¹²⁴ Zviite munhu muduku; nguva dzose iva muduku. Usava munhu mukuru; iva munhu muduku. Maona? Mwari ndiye Oga mukuru pakati pedu. Ndizvozvo.

¹²⁵ Haudi kutaura uchiti, “Ichechi tsvene, vanhu vatsvене.” O-o, kwete! NdiMwari mutsvene (ndizvozvo) uye chechi isina hutsvene navanhu vasina hutsvene. Ndizvozvo. Hakuna chinhu chakadaro chokuti chechi tsvene; ndiMwari mutsvene ari muChechi. Havasi vanhu vatsvене; ndiMweya Mutsvene uri muvanhu. Zvino hausi kutaura pamusoro pavanhu; uri kutaura

pamusoro poMweya Mutsvene uri muvanhu. Ameni, ameni! Ndiro shoko chairo! Ameni! Zvapinda; ndazvinzwa! Hongu, changamire! Afarira izvi; ndinozviziva. Mwari ngaarumbidzwe! Hongu, changamire! Zvakanaka.

¹²⁶ Zviite munhu muduku. Yakafukidza chiso chayo namaviri, kuremekedza. Yakazvinipisa nokufukidza tsoka dzayo. Zvino chechitatu, namaviri yakabhururuka, yakatanga kuita basa namapapiro maviri. Yakanga ichiremekedza Mwari. Yakanga yakazvinipisa pamberi paMwari. Kwete izvozvo chete, haina kungogara chete, asi yakatanga kuita basa. Unotaura pamusoro peChechi. Ameni! Yakatanga kuita basa. Chose chayakanga inacho, yakanga yakagadzirira kuenda nacho. Hongu, changamire! Chinhu choga chayaikwanisa kutaura kuti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene iye Ishe Jehovha Samasimba;” yakatanga kuita basa. Ndizvozvo! Yakatanga kuita basa. Ndizvo zvinodiwa nechechi husiku huno, chokutanga kuva nokuremekedza, chinozotevera, kuzvinipisa, ipapo wozosvika pakuita basa. Hongu, changamire!

¹²⁷ Akaratidza muprofiti... PaAkaratidza muprofiti kuti Agadzira varanda Vake sei, zvaAkanga achazoita, chisikwa ichi chakaitei, Ngirozi iyi? Muprofiti akanzwa inzwi rayo richizunungusa nheyo dzezvikumbaridzo zvomutembere payakadanidzira ichiti. “MUTSVENE, MUTSVENE, MUTSVENE, IYE ISHE JEHOVHA SAMASIMBA.” Uye tembere yakazununguka, uye ne... Yakadanidzira zvakare, “MUTSVENE, MUTSVENE, MUTSVENE, IYE ISHE JEHOVHA SAMASIMBA,” uye tembere yakazununguka.

¹²⁸ Isaya akati, “Ndine nhamo!” Muprofiti, muprofiti akasimbiswa, akaberekwa ari muprofiti, muprofiti mukuru womuBhaibheri; zvino akati, “Ndine nhamo, nokuti meso angu aona kubwinya kwaMwari.” Tarira muprofiti uyu akazvinipisa, muprofiti, munhu anovingwa neShoko raMwari. Asi paakaona chiratidzo, akati, “Ndine nhamo, nokuti ndamira pedyo zvokuti ndiri kuona Hupo hwaShe.”

¹²⁹ Vanhu vedu vamazuva ano vomuAmerica vanokwanisa kuona izvi, asi vofamba vachifuratira, vachizviseka. Ndizvozvo.

¹³⁰ Paakaona chiratidzo chichiratidzwa, chiratidzo chairatidzwa (o-o Mwari, ivai netsitsi kunyika ino ine zvivi!)—chiratidzo charatidzwa, akadanidzira, “Ndine nhamo, nokuti ndiri munhu wemirimo ine tsvina, ndinogara pakati pavanhu vemiromo ine tsvina. Nokuti ndoparara; hapana chinhu chakanaka mandiri.”

¹³¹ Zvino, ungati, “Mwari ngaarumbidzwe, ndiri nhengo yePresbyteriani, yeMethodisti, yeBhaptisti, yePentekosti; handifaniri kugara ndichiterera kuzvinhu zvakadaro.” Zvinopa mutsauko wei, mutsauko wechii.

¹³² Zvino munorangarira, muprofita uyu, akadanwa kubva pakuberekwa kwake, akasimbiswa, akatemerwa kunzvimbo iyi, uye akanga achitsvaka Chokwadi, zvino akanga ana mambo. Akaona mabasa aMwari achiratidzwa, asi paakaona chiratidzo chakazaruka, pano kuti amurumbidze, akati, “Ndine nhamo, ndoparara. Nokuti ndoparara zvino, nokuti maziso angu aona kubwinya kwaMwari.”

¹³³ Zvino tinoona kubwinya kwaMwari, uye tinoenda tondoti, “Iboka ravatsvene vasingazvibati zvakanaka, vanhu vanopenga.” Ndicho chikonzero pasina kwatinosvika.

¹³⁴ Zvino rangarirai, ndakakuudzai kuti kana ndichiuya kuno kuti ndizotaura chinhu, kuti vanhu vabatsirwe. Hongu, tinofanira kuva—nokuremekedza kwaZviri. Tinofanira kuzviremekedza nokuremekedza kwose kwatinokwanisa, kana taona chiratidzo chaMwari chakazaruka chichitaura, uye tichiziva kuti iChokwadi.

¹³⁵ “Ndine nhamo,” Isaya akadaro. “Ndiri mumba muno husiku huno (kana nhasi kana angava rinhi), uye ndinoona kubwinya kwaMwari. Ndinoona Ngirozi ichitaura, uye ndinoona chimwe chinhu chichiitika. Zvino ndikatarira pamusoro apo, ndinoona Mwari achiratidzwa pano. Ndine nhamo, nokuti ndiri munhu wemiromo ine tsvina, uye ndinogara pakati pavanhu vakasviba.”

¹³⁶ Tarira uone zvakaitika. O-o, Akaitei? Akaratidza—muprofita Isaya kuti munhu anofanira kuva anokudza, anofanira kuremekedza muhupo hwaKe. Kuremekedza, nokuzvininipisa, zvino ozoita basa. Ndizvo! Ozopinda mubasa.

¹³⁷ Sezvakaita mudzimai wapatsime, paakaona chimwe chinhu chichiitika, hama, akava namapapiro maviri. Akakurumidza kuashandisa. Akauya ipapo patsime raJakobho kuzochera mvura yakanga yakasviba yavakanga vachikakavara pamusoro payo; asi paakazonwa kubva panoTangira Hupenyu, akaenda kundoshanda nokukurumidza. Haana kuti, “Changamire, ndapota ndiudzei kuti makawanepi dzidzo yenyu. Makawanepi izvi? Makazvidzidza sei?” kana kuti, “Maziva sei kuti ndaiva navarume vashanu? Maziva sei zvakakanganisika neni? Maziva sei kuti ndiri mukadzi weSamaria? Maziva sei zvinhu izvi?” Haana kuita mivhunzo; Akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri muProfita. Tinoziva kuti kana Mhesiyasi auya, Achatiudza zvinhu izvi.” O-o, ini zvangu! Akazviziva namaGwaro. Zvino ipapo akati, “Ndinoziva kuti kana Mhesiyasi akauya, Achatiudza zvinhu izvi.”

Akati, “Ndini Iye.”

¹³⁸ Akatanga kuita basa. Akaenda muguta achimhanya kwazvo; akati, “Vuyai, muvone Munhu Wandiuudza zvose zvandakaita. Ko uyu haasiye Mhesiyasi here!” Paakaona Chokwadi, haana kurega kutakura bhora, iye—asi iye akanga achiRipa kumwe—

kumwe—kuremekedza kwakanyanya. Zvino akanga achiRipa kutsigirwa kwakanyanya, nokuti akaenda muguta achitaura kuti, “Imi, uyai movone. Kana musingazvitendi, vuyai, tiende neni.” Mwari ngaarumbidzwe!

¹³⁹ Ndiri kunzwa kunge mutsvene asingazvibati husiku huno. Hongu, changamire! Ini zvangu, kana zvirizvo zvamunoti mutsvene asingazvibati zvakanaka, regai ndive mumwe wavo. Hongu, changamire! Ndinoziva kuti Akanaka. Ndinoziva kuti Ari pano. Ndinoziva Mhesiyasi uyu, ndinoziva Mwari uyu, Kristu iyeye, ari muno mumba duku ino muri kupisa husiku huno. Ndinokwanisa kuzvisimbisa kwamuri. Amen!

¹⁴⁰ Tarirai Ngirozi yaShe iri pamurume uyo agere apo. Zita rake. . . Ndirevherendi. VaWitt. Vanobva kumusoro kuVirginia (ndizvozvo!) vari kutambudzika nokuvhunduka vhunduka. Kana muchitenda nomwoyo wenyu wose, munokwanisa kudzokera kumba mopodzwa. Munozvitenda here, changamire? Zvakanaka, endai kumba uye mupodzwe; kuvhunduka vhunduka kwenyu kwapera.

¹⁴¹ . . .? . . . vagere apo; zita ravo ndiMorriah. Vanobva kuIllinois. Vane dambudziko rerectal. Kana muchizvitenda, changamire. . . Munozvitenda here? Hamundizivi. Munozvitenda here? Zvichakusiyai. Hareruya!

When this coal of fire had touched the prophet,
Making him as pure as pure could be;
When the Voice of God said, “Who’ll go for
Us?”

Then he answered, “Here am I; send me!”

¹⁴² Hazvina mhosva kuti unotambudzwa zvakadii, hazvina mhosva kuti muchinjikwa wakadii, “Nditumei, Ishe; ndiri pano!” Hazvina mhosva kuti vangani vanoramba, kana kuti zvingani *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*, “Nditumei!”

¹⁴³ Ndiye Mhesiyasi mumwe chete. Ari pano iko zvino. Ndiri kuMuona zvakare. Amen! Chii ichocho?

¹⁴⁴ Mudzimai uyu akaenda kundoita basa. Akava namapapiro akatanga kubhururuka. Akatanga kuita basa nokukurumidza.

¹⁴⁵ Muapostora Petro, paakatora Mwari paShoko Rake rimwe zuva ari pagungwa. . . Akanga araura husiku hwose uye akanga asina kubata chinhu. Zvino Jesu akauya kwaari; Akati, “Kandai rutava rwenyu kune rimwe divi rechikepe.”

¹⁴⁶ Akati, “Ishe, ndiri muraari; ndinoziva padzinodyira napadzisingadyiri. Ndinoziva padziri napadzisiri. Asi ndaraura husiku hwose handina kana kumbobata hove duku. Zvino, kana Mukati kandai uko. . . ndinoziva kuti hapana hove ipapo, asi paShoko Renyu, Ishe, ndichakanda rutava.” Akaiti? Akatanga kuita basa. Amen!

147 Pane dziva rakazara nemvura pano. Kana usina kumbobhabhatidzwa muZita raJesu, yava nguva yokuti uite chimwe chinhu. Kana uchingova nhengo yechechi usingazivi Mwari nenzira yokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, yava nguva yokuti uite chimwe chinhu. Ndizvo here? Putira chiso chako nokuremekedza. Putira makumbo ako nohunyoro, ugwadame namabvi ako wotanga kuita basa. Kana usingazivi Mwari, tanga kuita basa.

148 Bofu rakanga risingakwanisi kuona, Jesu paakataura naye, akapfira pamadhaka, akaisa pamaziso ake, uye akaita kuti apodzwe—akamupodza. Paakadaro, akatanga kuita basa. Akaparadzira mbiri Yake. Haana kuda kuedza kugara nazvo; asi hama, akaparadzira mbiri Yake kwose kwose kunzvimbo dzakapoterredza. Akaitei? Akapinda mukuita basa.

Mumwe murume bofu akapodzwa akati . . .

“Munhu uyu mutadzi. Hautombomuzivi!”

149 Akati, “Kana Ari mutadzi kana asiri, handizvizivi; asi chinhu ichi ndicho chandinoziva, kuti ndanga ndiri bofu, asi iko zvino ndava kuona.” Akaitei? Akapinda mukuita basa.

150 Ndizvo zvinoda chechi. Kupinda mukuita basa! Tine chimiro chakanyanya, tine kudzikama kwenyika; tinofanira kupinda mukuita basa. Amen! Akaparadzira mbiri Yake kwose kwose.

151 Vanhu vapaPentekosti, vakanga vasingazivi zvakawanda. Vakanga vasingakwanisi kunyora mazita avo, vamwe vavo. Vaitya. Vakaenda mumba yapamusoro. Asi rimwe zuva vakaitei? Vakaendamo mukuterera Shoko Rake. Vakatora Shoko Rake. O-o, dai vanhu nhasi vakangatora Shoko Rake, zvino vanozopinda mukuita basa. “Asi imi garai muguta reJerusarema.” Ruka 24:49.

“Asi muchagamuchira Mweya Mutsvene kana vimvisu—kana Mweya Mutsvene wauya—pamusoro penyu; zvino muchava zvapupu Zvangu.” Mabasa 1:8.

152 Ruka 24:49 inoti, “Tarira, Ndinotumira pamusoro penyu chipikirwa chaBaba vangu: asi imi garai muguta reJerusarema kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro.” Kusvika rinhi? Awa imwe, maawa maviri, mazuva gumi, mwedzi mina, mwedzi mitanhatu, hazvina mutsauko. Kusvikira! Kusvikira rinhi? Kusvikira. Kana wakumbira Mwari chinhu, gara ipapo kusvikira. Amen! Gara kusvikira. Kusvikira rinhi? Kusvikira zvaitika. Zvikumbire! Zvitende! Batirira pazviri! Pinda mukuita basa! Pupura pamusoro pazvo! Pupura! Usatya. Pinda mubasa!

153 Vakanga vari mumba yapamusoro vachiitei? Vachirumbidza nokutenda Mwari. Vachizviitirei? Nokuda kwevimbiso; vaiziva yaifanira kuti iitike. Mazvionaka; tangai kuita basa. Tanga kurumbidza Mwari kusvikira Vimbiso yazadziswa. Mune vimbiso.

154 Kana uchitenda kuti Mwari anopodza, ramba uchishanda. Kana uchitenda kuti Achakudana iko zvino, uye iwe wakabaturira kwaAri, ramba uchishanda. Ameni! Ramba uchishanda! Una mapapiro maviri, nokudaro ashandise. Ramba uchishanda! Mafambise-fambise. “Ishe, ndinotenda; Ishe, ndinotenda.” Haungodanidziri, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene”; ufananira kuti, “Ishe, ndinotenda!” Ramba uchishanda! Ameni!

155 Vakaramba vachishanda kusvikira kwauya kutinhira kwaibva kuDenga sokwemhepo. Zvino pakazova nokushanda chaiko. Vakapinda mukushanda.

156 Hama, Hanzvadzi, zvatakaona zvichiitika mazuva ano okupedzisira zvinofanira kuita kuti tipinde mukushanda. Ameni! Tinofanira kunge tichishanda. Ndizvo chaizvo. Tinogara tofunga kuti chimwevo chinhu. . .Iko zvino, vanhu vanogara, vanhu vechiPentekosti; Ishe anoita chinhu; ivo vanoti, “Um! Zvakanaka kwazvo.” O-o, ini zvangu! Havaratidziki seSerafimi rinogara pedyo naMwari. Ndizvo. Mutumwa, atova pedyosa naMwari. Unova mwana Wake uri mberi kupfuura artari yendarira.

157 Maserafimi ari paartari yendarira. Asi iwe somwanakomana kana mwanasikana waMwari unonanga muhupo hwaMwari. Haufaniri kuenda nokumuprista nezvimwe zvose. Iye ndiye Muprista wako. Maona? Pakarepo muhupo Hwake muri vanakomana navanasikana. Hama, ndinotenda kuti tine zvinodarika mapapiro. Ameni! Tino Mweya Mutsvene! Ndizvozvo.

158 Asi tinofanira kushanda nokuremekedza nohunoro, kwete kushanda kuti tiise chimwe chinhu pano mumwe munhu, asi nokuremekedza nohunoro tinofanira kushanda totaura kuti, “Tine nhamo, taona Hupo hwaSamasimba. Takaona zviratidzo zvichiratidzwa, zvaAkataura. ‘Mabasa andinoita, nemi muchaitavo. Muchaita akawanda kudarika awa, nokuti ndinoenda kuna Baba Vangu.’”

159 Takaona zvakananda zvichiitika kudarika zvakanorwa mu. . . Zvino, takaona zvakananda zvichiitika mumusanganano mumwe chete kudarika zvinhu zvakanorwa muBhaibheri. Ndizvozvo. Zvakananda mumusanganano mumwe chete kudarika zvakanorwa mumakore makumi matatu namatatu nehafu muhupenyu Hwake. Ndizvozvo. Funga pamusoro pazvo. Tinozviona namaziso edu. Tinozviona zvichiitika. Tinozviona zvichifanotaurwa, zvoitika, zvitari. Vakaremara, mapofu, vanokamhina, vakaoma mitezo, zvinhu zvaifanotaurwa zvichiitika. Hazvina kumbokundika. Hama, zvinofanira kuita kuti tishande nohunoro nokuremekedza.

160 Kubva munguva dzakare dzomuBhaibheri Shongwe yoMwoto payakanga iri pamusoro paIsraeri, zvino Yakazoitwa

nyama ikagara pakati pedu...“Ndakabva kuna Mwari ndinodzokera kuna Mwari.” Pauro akaIona akawira pasi nechiso. Mudzidzisi mukuru akaita saPauro, akadzidziswa naGamarieri, akaumburuka muguruva akachema, “Ishe, Ishe, Ndimi Ani? Ndagadzirira kuenda.” Munhu mukuru, sezvaakanga ari, akanga ari mudzidzi; uye akazvininipisa, nokuti akaona Shongwe yoMwoto. Zvino hatingoIone namaziso edu chete ichifamba pakati pedu, asi takatoIona kubudikidza nezvesainzi. Izvi zvinofanira kutipinza mukushanda.

¹⁶¹ TinoIona ichiita zvinhu zvimwe chete zvaYakaita kumashure. Inozviita nhasi. Vimbiso yaBaba. Ini zvangu, chii ichocho? Yakauya kuzosimbisa Shoko, kuzosimbisa kuti Shoko nderechokwadi. Zvinofanira kuita kuti Chechi ishande, hamufungi kudaro?

¹⁶² Namaviri yakafukidza chiso chayo mukuremekedza. Namaviri yakaputira tsoka dzayo, kuzvininipisa. Uye namaviri yakashanda. Pakarepo yakaenda, ichiashandisa.

¹⁶³ Zvino, tinofanira kunge tichishanda tichiremekedza Shoko. Tinofanira kunge tichiudza vanhu.

¹⁶⁴ Zviratidzo zvokuuya kwaKe zvichionekwa, kwose kwose tinozviona zvichiratidzwa muShoko. Tinonzwa Mweya Mutsvene uchiuya uchitiudza zvinhu zvava kuda kuzoitika.

¹⁶⁵ Makore asingapfuuri makumi maviri apfuura muno muimba muno, Wakataura zvokuuya koMukuru wenyika Kennedy. Wakataura chaizvo zvaizoitika, kuti madzimai navamwe vaizoisira munhu uyu, uye chaizvo zvaizoita. Zvino taizviziva nguva yose, uye zvaizoitika tikazviture. Zvino hezvi zviri pano nhasi. Uye houno musangano uya, woMubatanidzwa wamaChechi navose vari kuungana pamwe chete. Ko zvinodini kutiita kuti tishande? Ndizvo. Uh huh!

¹⁶⁶ Shoko pamusoro peshoko sezvaAkataura, rakazadziswa nesu. Zvinofanira kutiita kuti tishande.

¹⁶⁷ Somuprofiti, takaona mazadzisirwe azvo kuti—zvichaitika kana tava kuenda, kurambidzwa, kusimudzirwa kwamadhinominesheni, kurasikirwa nenzvimbo dzavo.

¹⁶⁸ SaIsaya akamira ipapo, aiva—aiva munhu wamadhinominesheni paakatanga. Akazemberana namambo, nokuti akanga ari munhu akanaka. Asi akaona kuti kuzvitutumadza kwakaitei kwaari. Zvakamubvisa zvachose. Zvino takaona kuti kuzvitutumadza kwamadhinominesheni kwakaitei kucheche. Kwakatora chechi yamadhinominesheni kukaibudisa kunze zvachose. Ndiudze kuti ndeipi yakazomuka mushure mokunge yawa. Chii ichocho? Tarira kumashure munhoroondo uone chechi yakambowa. Payakangoita sangano, yakawa, haina kuzokwanisa kudzoka zvakare. Uziya haana kuzokwanisa kudzoka zvakare ku—kutembere. Akanga ava

namaperembudzi mazuva ake ose uye akazovigwa achine maperembudzi. Hongu, changamire!

169 Zvino, muprofitu akaona zvazvakaita. Akaona kuti—kuzvisimudzira kwakaitei. “Ko, tiri...” kana, “Kusvikira vose...Hapana munhu anokwanisa kupinda mudhinominesheni redu kunze kokunge apiwa—apiwa vhunzo navaongorori vepfungwa kuti aonekwe kuti akangwara zvakadini. Anofanira kuva neD.D.D., Ph.D. asati auya—kuzotaura nesu. Mapoka edu haakwanisi kushanda naye kana asina ravozvi.” O-o, imiwe! “Vakanakisa...boka rakanakisa ravanhu vari munyika rinouya ku...Tarisa kumotokari dzinouya kuzomira panzvimbo pedu; maCadillac, namaRickenbacker, nedzakadaro.”

170 Takaona zvinhu izvi zvichifa. Takazviona zvafa, uye zvinhu zvose zvizere—zvapakomerwa—zvina maronda—zvakaora, ndingadaro, sezvinotaurwa neBhaibheri. Zvose zvina maronda. Zvinonhuhwa. Ndizvozvo. (Ndiri kutaura izvi pamweya. Maona?)

171 Tiri kuvaona vachirega—vachirega kubatirira paShoko raMwari uye vachisimudzira dzidziso dzavanhu. Tinozoono vachiitei? Vanozorohwa namaperembudzi, kusatenda. Hu-u! Zvangu, o-o ini zvangu!

SaUziya akaedza kutora nzvimbo yomunhu akazodzwa—hofisi yakazodzwa mushure mokunge arohwa, uye akazoono kuti akundika. Zvino takaona machechi achiedza kutora nzvimbo yakazodzwa hofisi yokuparidza Shoko raMwari uye vakazokanganiswa nazvo. Havachazivi zvokuita. Isa Shoko pamberi pavo, havazivi zvokuita. Zvinonzwisa tsitsi. “Tinotenda kuti izvi zvakanga zviru zverimwe zuva.” Chii ichocho? Havasi kuziva zvavari. Vangabata sei hofisi yomuzodziwa waMwari voramba Shoko Rake rakazodzwa rinova Iye muchimiro cheShoko? Ungaramba sei kuti Shoko nderezvokwadi asi woramba uchitaura kuti wakazodzwa noMweya?

172 Chinhu bedzi chinoratidza Shoko raMwari Mweya Mutsvene Womene. “Kana Iye Mweya Mutsvene auya, Achatora zvinhu izvi zviru Zvangu agozviratidza kwamuri.” Ndizvozvo. Ungatora sei nzvimbo yehofisi yakazodzwa uye iwe wotenda dzidziso dzavanhu dzamadhinominesheni? Vakafa! Chinhu chokuita kuwira pasi wochema, “Ishe Mwari, ndiri munhu ane miromo ine tsvina.” Hongu, changamire!

173 Madhinominesheni awa anoedza kutora nzvimbo yechechi tsvene. “Tinotenda muna Mwari Baba, Samasimba, Musiki waMatenga nenyika, naJesu Kristu Mwanakomana Wake. Tinotenda muChechi tsvene yeRoman Catholic,” nezvimwe zvinhu zvose izvi. “Tinotenda mukuyanana navatsvene.”

174 Ndinotenda mukuyanana naKristu. Hongu, changamire! Ndinotenda kuti vatsvene vari mukubwinya, chokwadi. Uye

ndinotenda kuti pane Murevereri mumwe chete pakati paMwari nomunhu. Hongu, changamire! Tora zvinhu izvi... Pano, Bhaibheri haripesanisi izvi. Vanoti, “Zvino iBhaibheri.” NdiMwari! Shoko rakanga riri Mwari, uye Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu. Zvino, Shoko rava nyama matiri, Richizviratidza, rakazodzwa noMweya Mutsvene. Inguva yokuti tipinde mukushanda. Ndizvozvo.

¹⁷⁵ Zvakaitika kumuprofitu paakaona chiratidzo (o-o, ini zvangu!) zvakanzera kuti areurure kuti mutadzi (muprofitu akazodzwa). Akati, “Ndiri munhu ane miromo ine tsvina, ndatadza. Ndakatadza. Ini pachangu handina kuchena.” Aiva mutadzi. Akareurura zvivi zvake. Hongu, changamire! Zvakanzera muprofitu waMwari kuti areurure kuti mutadzi; ndizvo zvakanzwa nechiratidzo. Mumwe munhu ane D.D.D., Ph.D. anozviseka. Achifanira kunge ari mukuru weimwe chechi.

¹⁷⁶ Makanzwa here kuti Cardinal ataura kuti chii munhu nhasi? Ataura kuti, “Pana vamwe vari kudzidzisa kuti kudzoka kwaShe kwava pedyo.” Ataura kuti, “Asi zvakanzera, tinofanira kubvisa boka iri. Tinoda kubatanidza zvinamoto zvose zvapasi pose.” Ndizvo chaizvo. Imi vanhu, musakotsira zvino. Zvinhu izvi zvava pedyo kudarika zvatinfunga. Uyu akafanana nouya akanga asingazivi Josefa, munoziva.

¹⁷⁷ Tarisai, zvakauya zvine mano mano. Vachasvika pano pakupedzisira, pavachachiita mufananidzo nokuita Mubatanidzwa wamaChechi, uye vachaita kuti utaure zvimwe chete zvaitaurwa nechikara, nokuupa simba rokuti utambudze vanhu vane humwari, uye uchashandura nguva nemirairo yaMwari. Chaizvo chaizvo zvakanzura. Tichasvika pazviri pangava iri kutevera; husiku huno tanonoka, asi ticha—tichazviva hedu. Hongu, changamire!

¹⁷⁸ Zvakamukonzera—zvakanzura kuti areurure kuti mutadzi...?...Sei, kwaiva kuri kudanwa kwanhasi, vaiti, “Zvino, ndini Chiremba *Nhingi*.”

Ndakanzwa bhishopi achiti, “Kana ndasvika kudenga, munoziva here zvatachaita?” Akati, “Ndichaenda—ndichaenda kuna Jesu ndondoti, ‘Munoziva here kuti ndini ani? Ndini Bhishopi *Nhingi*.’”

Iye woti, “Hongu, ndakanzwa mai wangu wachitaura pamusoro penyu.”

Akati, “Vanhu vanotenda Bhaibheri vakafanana navanhu vari kufamba mumadhaka; havazivi kwavari kuenda.”

¹⁷⁹ Hamufungi kudaro here. Ndiye Mutungamiriri wangu. (Ndichaparidza izvi mangwana husiku.) Hongu, changamire! Achakutungamirira mumadhaka ose maunofanira kupinda namo, nomunzvimbo dzose dzine njodzi dzakadzika, nenzvimbo dzose dzakakwirira, nedzakaderera. Kana kungava kupi, Achanditungamirira kuyambuka rwizi rworufu. Ameni!

O-o, hongu changamire! Anonditungamirira. “Kana rufu rwauya handityi zvinhu zvakaipa nokuti Imi muneni. Hongu, zvirokwazvo kunyangwe ndikafamba mumupata womumvuri worufu, handingatogoty chakaipa; nokuti Imi muneni.”

¹⁸⁰ “Kana ndikazviwarira nhovo mugehena,” Dhavhidhi akadaro, “tarirai Muri’po.” “O-o, kana ndikabhururuka, namapapiro amangwanani, ndikaenda Iye anenge aripo. Ari pamberi pangu nguva dzose, nokudaro handingatongozunungutswi.” Amen! O-o, ini zvangu! Tora mapapiro utange kubhururuka iko zvino. Hongu, changamire!

¹⁸¹ Muprofita uyu akatanga kushanda nokukurumidza; akaenda kundogwadama. Uye akati, “Ndiri munhu wemiromo ine tsvina.” Zvino pakarepo paakareurura, pakabva pauya kucheneswa. Unofanira kutanga kureurura.

¹⁸² Ndinoda kuti mucherechedze, muprofita uyu paa... Funga pamusoro pazvo, mu—kwete... Munhu akanga akamira nehurumende, muprofita akasimbiswa, uye paakangoona chiratidzo chokutanga... Akanga asati aona zviratidzo kumashure; akanga asina. Ainzwa kungamirwa naMwari uye zvichienderana neShoko. Asi panguva ino chakanga chiri chiratidzo chakajeka, zvino akadanidzira, “Ndiri munhu wemiromo ine tsvina uye ini—navanhu vose ava vane tsvina. Ndine nhamo, nokuti ndiri kuona kubwinya kwaMwari kuchiratidzwa.” Zvino tinongotarisa. Tinofanira kunge tichibhururuka kwose kwose. Maona, maona?

¹⁸³ “Ndiri munhu wemiromo ine tsvina.” Akaenda kuartari, uye akati, “Ndiri munhu wemiromo ine tsvina, Ishe. Ndingaiti, ndingaiti, nokuti ndaona Imi muchiratidzwa pano? Ndinooona Ngirozi ichizunguza chinhu. Ndaiona ichitaura, chimwe chinhu chikafamba.” Amen! (Ndinofunga kuti hamuna kukotsira.) O-o, ini zvangu! Kutaura chinhu chobva chaitika. Mwari ngaarumbidzwe! Chii chakaitika?

¹⁸⁴ Zvino tinoona kuti akareurura chivi chake, uye pakarepo paakadaro, inzwi guru rakanga richitaura rakadzika, rikabata ruoko rwake, rikatora mazimbe, rikatora zimbe, rakariisa mumaoko ake, rikauya rikariisa pamiromo yaIsaya, uye ndokumuchenesa.

¹⁸⁵ Cherechedzai, haana kumutuma kuti anditora dhigiri yePh.D. Haana kumupa bhuku romurairo kuti adzidze; asi Iye—Mwari akanga achiratidza muprofita kuti simba Rake rokuchenesa raibva pamwoto waiva paartari. Amen! Simba raMwari rokuchenesa nhasi hakusi kudzokorora dzidziso dzavanhu kana kuva nhengo yechechi; isimba roMweya Mutsvene nomwoto rinochenesa munhu kubva pakusatenda. Amen!

¹⁸⁶ Nzira yaMwari yokuchenesa muprofita inzira yomwoto, kwete nedzidziso dzavanhu. Muprofita angazivei pamusoro

pedzidziso dzavanhu? Achazoshandiswa naMwari. Shoko raizoratidzwa kubudikidza naye, nokudaro haAngamupi dzidziso dzavanhu. Angazobatirira padzidziso dzavanhu idzi. Nokudaro Akatora mwoto kubva paartari akachenesa muprofita.

¹⁸⁷ Kureurura kutanga, wozocheneswa nomwoto. Mwari ngaarumbidzwe! O-o, tarira! Kureurura, chokutanga, kucheneswa, chechipiri, kutumwa, chechitatu. Amen! Mazvionaka. Chokutanga kureurura, “Ndiri kukanganisa!” Chinhu chechipiri, kucheneswa. Kururamiswa, Kucheneswa, nokuBhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Maona? Kureurura, kucheneswa, kutumwa. “Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Amen!

¹⁸⁸ Mushure mokureurura munouya kucheneswa. Mushure mokucheneswa munouya kutumwa. Paridza Evhangeri, podzai vanorwara. Hazvina mhosva kuti vanhu vakatii iye . . .

¹⁸⁹ Pokupedzira muprofita anokosha uyu akaurawa achitambudzwa nokudimurwa-dimurwa nesaha.

¹⁹⁰ Rangarira, aiva Isaya akareurura kuti akanga akanganisa. Akanga akanganisa kwazvo; akanga akazembera padzidziso yake yavanhu (maona?), akanga akazemberana—nomunhu, zvinhu zvakagadzirwa nomunhu. Akaona mambo akanga ari munhu mukuru; akanga ari munhu ainamata. Asi akaona kuti vanhu vose vanokundika. Maona? Asi paakashandura izvi, akatarisa kumusoro uko, uye akaona chiratidzo chokuti Mwari Aiva ani, ipapo akati, “Ndiri kuda kureurura kuti ndinokanganisa. Dzidziso dzavanhu dzakare idzi hadzichashandi zvakare, nokuti dzakafa uye dzakakundika. (Maona?) Vakarohwa namaperembudzi, asi ndiri kuona kubwinya kwaMwari kuchiratidzwa.” Dzidziso yavanhu haikwanisi kuratidza izvi. Dzidziso yavanhu haikwanisi kuzvitaure nenzira iyi. Dzidziso yavanhu haikwanisi kuzviita nenzira iyi. Zvinitora Kristu kuti azviite nenzira iyoyi. Zvino pakarepo paakaona izvi, akati, “Zvino, ndanga ndichikanganisa, Ishe.” Zvino ipapo pakauya kucheneswa; ndokuzouya kutumwa. O-o, imiwe!

¹⁹¹ Ndipo pakazocheneswa Isaya . . . Mwari paakadana, “Ndianiko ungaNdiendera,” zvino ipapo Isaya akati, “Ishe, ndiri pano ini; nditumei!” Muprofita akanga acheneswa.

¹⁹² O-o, muri kuona here *simba rokufurira*? Musabvuma simba ramaitire aMarthela. (Ndinotenda hapana munhu ane zita rakadaro muno.) Musatora mazita o—o—okufurira kwomumwe musikana anoenda kuchikoro chikuru newe, kana chikoro chavazhinji, kana muvakidzani wako anogera vhunzi rake nokupfeka zvikabudura; musabvumira simba rezvinhu izvi. Musatora maitire omufudzi anotenda dzidziso

dzavanhu anoramba Shoko raMwari achitora dzidziso dzavanhu; musatora maitire ake. Asi mirapo kusvika waona kubwinya kwaMwari, ona chimwe chinhu, chichiitika nenzira yachakataurwa naMwari kuti chichaitika. Ipapo wodanidzira, “Ndine nhamo, Ishe; ndanga ndichikanganisa. Ndichenesei iko zvino, Ishe. Ndichenesei! Mweya waMwari Mupenyu ngauuye pandiri patsva.”

Zimbe romwoto Parakabata muprofito,
Richimuchenesa nokuchenesa kunokwanisika;
Apo Inzwi raMwari Parakati “Ndiani
ungatiendera?”

Zvino akapindura, “Tenzi ndiri pano
nditumei!” (Akanga agadzirira. Akanga
aona chimwe chinhu. Hongu, changamire!)

Mamiriyoni muzvivi nokunyadziswa ari kufa;
Tererai kuchema kwavo kunonzwisa tsitsi
nokushungurudzwa.

Chimbidzika hama, chimbidzika
kundobatsira;

Pindura nokuchimbidzika, “Tenzi ndiri pano!”

¹⁹³ Chimwe chinhu chinofanira kuitwa. Nguva yapera kupfuura zvatnofunga. Dai chiratidzo chaMwari chikaita simba pavanhu, kuti vakwanise kuona kuti Mwari akanga ari mutembere naIsaya ndiye Mwari ari munzvimbo Yake tsvene nhasi. Ari munzvimbo yake tsvene yoMweya Mutsvene. Iye ndiye Mweya Mutsvene. Aimbova nyama; iko zvino Ava Mweya uri kufamba pakati pavanhu Vake, achizviratidza paChake kuti mupenyu, kwete dzidziso yavanhu yakafa, asi Kristu anorarama, asingashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. O-o, Isaya, kurumidza kupindura, “Tenzi, ndiri pano; nditumei.”

Ngatinamatei. Misoro yedu yakakotamiswa . . .

When the coal of fire had touched the prophet,
Making him as pure as pure could be;
When the voice of God said, “Who’ll go for Us?”
Then he answered, “Here am I; send me!”
(Pamwe chete.)

Speak, my Lord; Speak, my Lord.
Speak, and I’ll be quick to answer Thee.
Speak, my Lord; Speak, my Lord.
Speak, and I will answer, “Lord send me!”

¹⁹⁴ Zvino, anogona kunge ari muvakidzani wako; anogona kunge ari mukadzi waunoshanda naye, murume waunoshanda naye, asi pane . . .

Millions now in sin and shame are dying;
(Mudzidziso dzavanhu
nomumadhinominesheni.)

Oh, listen to their sad and bitter cry.
 Hasten, brother, hasten to their rescue;
 Quickly answer, "Master, here am I!"

Speak, my Lord; Speak, my Lord. (Ndakaona
 chiratidzo chakabva kuna Ishe; ndakaona
 chichiitika.)

Speak, and I'll be quick to answer (Atotaura
 kare zvino.)

Speak, my Lord; Speak, my Lord.

Speak, and I will answer, "Lord, send me!"

¹⁹⁵ Zvino, misoro yedu yakakotamiswa, handizivi husiku huno, sezvandakuudzai pandanga ndichiuya, ndinoedza kutsvaka chinhu chandinofunga kuti chingakubatsirai. Maona muprofitaya uyu; akanga ari mhare. Akanga aberekerwa chinangwa ichi chokuva muprofitaya. Akaona kuti akanga atora nzira isiriyo; akanga azembera pana Uziya, mambo. Haukwani kuzembera pamunhu wenyama. Anofa. Hazvina kunaka. Asi tarisa kumusoro uone Mwari akagara pachigaro Chake. Tarira kumusoro uone Jesu; Akati, "Handishanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi." Rega Akusimudze muMweya. Tarisa uye uone kuti haAsi mumwe chete here zuro. . .

¹⁹⁶ Isaya paakaona chiratidzo chaMwari chichiratidzwa mutembere, akanga akagadzirira kureurura kudarika kwake. Akanga akagadzirira kureurura kuti hapana chakanaka chaakanga aita. Zvino akazoenda munyika; akazoita zvinhu zvakanga zvakanaka here. Zvose zvaakazoita, kusvika pakupedzisira akasimbisa chapupu chake neropa rake.

¹⁹⁷ Ndinofunga kuti ndiwo manzwiro edu tose. Vangani venyu vanonzwa kuti vanoda kuti—kunzwa Mwari achiti—kuti uri kuda kunzwa kuti—utaure kuna Mwari, "Ndiri, pano; nditumei!" Simudzai maoko enyu. "Ndiri pano, regai ndipupurire murume anotengesa mukaka. Regai ndipupurire mu—munhu wose wandinokwanisa kuona, regai ndiite chinhu chose. Regai ndiite chimwe chinhu. Ishe, handisi—handisi kukumbira kuva muparidzi. Handisi kukumbira kuva izvi, asi, Ishe, kana ndiri murimi, ndiitei murimi anokwanisa kupupura kumuvakidzani wangu murimi. Ndiitei murimi wokuti kana achindotengesa mbeu dzake, ndinokwanisa kupupura kuna vandinenge ndichishanda navo. Ndiregei ndive murimi. Kana ndiri—kana ndiri mudzimai, regai ndipupurire murume weinishuwarenze. Regai ndipupurire murume anotengesa mukaka, mukomana anotengesa mapepa. Regai ndiite chimwe chinhu, Ishe. Regai ndifambe munharaunda ndiwane kufarirwa nehanzvadzi yangu inogara pedyo neni anoita zvakaipa nokukanganisa. Regai ndimupe chapupu mukutapira. Regai ndifukidze chiso changu namapapiro ohunyororo; regai ndifukidze tsoka zvimwe chete. Regai ndive nokuremekedza muHupo Hwenyu, asi nditumei namamwe mapapiro maviri zvakare, Ishe,

nokukurumidza kuno mumwe munhu, ‘Ndiri pano; nditumei, nditumei!’”

¹⁹⁸ Mukuremekedza ngatisimukei tizvipire kuna Mwari. Samasimba ari pano. Munozvitenda here? Tiri muHupo Hwake Hutsvene. Musakanganwa izvi zvino. Hupo Hwake huri pano sezvahwakanga huri... Chokwadi, kubva pandamira pano, ndaona zviratidzo zvina kana zvishanu zvaratidzwa. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Pana vanhu vaviri kana vatatu vomucheche muno vasina chavambotaura; asi Zviri pano zvakadaro. Zvakanaka.

Zvino, zvatiri kuda kuita, mumwe nomumwe nenzira yake, ngatizvipirei kuna Mwari.

We see the sign appearing of His blessed coming;

Lo and behold, the fig leaves now becoming green.

The Gospel of the Kingdom has gone to every nation,

And we're near; the end can be seen.

(Ndizvozvo. Handizvo here?)

Then gladly away; we'll herald the Message of His blessed appearing;

Soon He's coming in glory to tell to one and all.

Then awake, ye saints of the Lord,

Why slumber when in the end is nearing,

Let's get ready for that final call. (Amen!)

Nations are breaking; Israel's awakening;

(Rwava rudzi zvino.)

The signs that the prophets foretold,

The Gentile days numbered,

With horrors encumbered, (Munozviona zvichiuya, kwete kunyika chete, asi kumacheche.)

Return, O dispersed, to your own.

The day of redemption is near;

Man's hearts are failing for fear;

Be filled with His Spirit,

Your lamps trimmed and clear;

Look up, your redemption is near.

False prophets are lying;

God's truth they're denying,

That Jesus, the Christ, is our God. (Munoziva kuti vakadaro.)

And—but we'll walk where the Apostles have trod.

For the day of redemption is near;

Man's hearts are failing for fear;

Be filled with the Spirit,
Your lamps trimmed and clear;
Look up, your redemption is near.

¹⁹⁹ Bvisai hutsi hwamadhinominesheni. Ngatibvisei tsvina yenyika. Ropa raShe Jesu Kristu rakatikwanira kuti ritichenese. Tarira kumusoro! Regai mwenje yenyu ipenye. Torai mapapiro enyu mubhururuke kuenda kuno mumwe munhu.

Ngatisimudzei maoko edu zvino totaura kuti, “Mwari, ndiri pano; nditumei.”

²⁰⁰ Baba vedu vari kuDenga, ndinozvipira kwaMuri husiku huno, Ishe, nechechi ino, mushure memharidzo iyi, yakananga, yakaomarara, “Ndiri pano, Ishe; nditumei.” Heino chechi yangu, Ishe. Dai vakafukidza zviso zvavo nokuremekedza. Dai vakafukidza tsoka dzavo nohunyororo. Dai vakava nokushinga kokubhururuka neMharidzo, nokukurumidza, kuno mumwe munhu. Zviitei, Ishe. Dai vapupura zvino hungwaru, vave munyu kunyika nokuChengetedza kwawo kurimo. Ishe Mwari, ichi ndicho chipiriso chedu. Ichi ndicho chipo chedu. Uku ndiko kutenda kwedu. Izvi ndizvo zvatinoshuva, Ishe. Titumei husiku huno kuno mumwe munhu akarashika. Dai tikauya navo mangwana kucheche vachibva kune imwe nzvimbo. Dai tikavadzidzisa nzira yaShe. Dai vakaponeswa, Ishe, nokuti nguva yaperera kudarika zvatinofunga. Zviitei, Ishe.

²⁰¹ Dai tikarevesa izvi mumwoyo yedu. Zvino patiri kuzvitaure, Ishe, torai zimbe romwoto woMweya Mutsvene kubva paartari yapaKarivhari; batai mwoyo yose nemiromo yose husiku huno, Ishe, kuti tisataura nhema, kuti titaure Chokwadi. Titorei husiku huno, Ishe, sezvatiri. Tose hatisi vaparidzi. Tose hatisi vaprofiti. Tose hatitauri nendimi. Tose hatiiti mashura; asi tose tine chinhu chokuita. Tiratidzei kuti ndechipi chokuita, Ishe. Kupupura, kukuimbirai Imi tichikurumbidzai. Uye sechongwa pamusoro pemvura, zvichadzoka rimwe zuva. Zviitei, Ishe. Tiri pano. Titumirei kuvavakidzani vedu kwose kwatinokwanisa kuenda, kune hama dzedu, tivaudze nezvokuuya kwaShe. Zviitei, Baba.

²⁰² Tiropafadzei zvino. Dai tikazorora zvakanaka husiku huno. Dai tikamuka tikauya kucheche mangwanani; uye dai Mukataura—zvine simba mangwana, kuti Musasiya pane dombo risina kupidigurwa, kuti munhu wose azive kuti anopinda sei mazviri. Tidzidzisei, Ishe. Takamirira. Tidzidzisei mangwana kuti tinosvika sei pakuva vanakomana navanasikana vaMwari. Tinomirira Imi, Ishe, nezimbe romwoto rakagadzirirwa kuti riiswe pamiromo yedu. Takamirira, Baba, muZita raJesu.

²⁰³ Zvino, takakotamisa misoro yedu. Tichakumbira mufudzi zvino kuti auye mberi kuti achipedzisa. Mwari akuropafadzei. Ndinotaraisira kukuonai mangwana mangwanani. Mwari ave nemi, apodze vanorwara navanotambudzwa pakati pedu, aite mumwe nomumwe wavo. . . ndiri kunzwa kuzadzwa noMweya

iko zvino. Ndiri kunzwa Mweya Mutsvene. Ndiri kunzwa Hupo Hwake. Ndinoziva kuti Ari pano. Ndinonyatsoziva kuti Ari pano. Ndiri kuMuona; ndinoziva kuti Ari pano. NdinoMuona achifamba, Shongwe yoMwoto iyi huru. Mwari ngaarumbidzwe! . . . ? . . . kuratidzwa kwoHunhu Hwake, kuzara kwoHupo Hwake. . . ? . . . Hupo hwoHunhu hwake. Mwari, uyai pavanhu ava; ndinonamata, kuti parege kuva nomumwe wavo anorashika. Mwari ngaarumbidzwe!



SIMBA RAMAITIRE OMUMWE PANE MUMWE SHO62-1013
(The Influence Of Another)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa muChirungu musu weMugovera manheru, 13 Gumiguru, 1962, paTabernakeri yaBranham kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakatorwa kubva patepi ikanyorwa nokudhindiswa muChirungu isina kushandurwa (kukamurwa). Kududzirwa muShona uku kwakadhindiswa muna 1994 ne Voice of God Recordings.

SHONA

©1995 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org